Sabaqta qaysı jumıs forması (tıńlaw, atqarıw, muzıkalıq xáreketler, ritmika) bolmasın berilgen shıǵarma úyreniledi hám onıń ózgesheligi (janrı, forması, duzilisi, atqarılıwshılıǵı) tuwralı túsinikler payda boladı. Sol sebep muzıka ritmikalıq xáreketler hám muzıka sawatı eń áhmiyetli. Sonday-aq, kishi jastaǵı balalar muzıka sawatın onsha túsinip jetpeydi olar xáreketli oyınlardı jaqsı kórediler. Olarǵa oyın sıpatında hár bir sabaq procensındegi nama tıńlaw, qosıq úyreniw bolsın ritmikalıq xáreketlerdi isletiwdi talap etiwimiz kerek. Bunıń ushın balalardı jaqınnan biliw, olardı psixologiyası hám de fiziologiyasın anıqlap keyin ala metod qollaymız.

Olarǵa ritmikalıq xáreketlerdi islew ushın shıqqıldaqlar, cıngafon, qońırawshalar, dairashalar, baraban muzıka aspapları hám de texnikalıq qurallar: audio, video magnetofonlar arqalı nama hám qosıqlardı ayttırıp ritmlerǵa túsirip hár bir ritmge qol shappatlar, shıqqıldaqlar, barabanshalar menen qosılıp birgelikte qosıq atqaradılar. Bunda balalardıń kewli osedi, atqarıwshılıq sheberligi, qosıq aytıwda, shertiwde sanap atqarıw kónlikpesi hám qosıq mazmunın ritmlar arqalı júregine sińip jurek pul`si menen birge tárbiyalanıp baradı.

Muzıkanı tek bir tárepleme úyreniw emes bálki oqıwshılardshń ulıwmalıq muzıkalıq bilim sanasın rawajlandırıw, ulıwmalıq bilim hám túsinikleri jiyinları

atqarıwshılıǵı, xalıq qosıqların uyreniw, kompozitorlar dóretiwshiligi miynetin biliwi, qosıqlar, olardıń ayırmashılıǵı, janrları, klassika shıǵarmalar, nota sawatları balardıń xámmesi ritmikanı tuwrı tańlaǵanına baylanıslı. Bul ritmikalıq háreketler hám balalardıń jas ózgesheligine qaray sabaq ótiw elementlerın sapalı ózlestırıwge járdem beredi hám sabaqqa qızıǵıwın támiynleydi.

## 1.2.Pedagogikaliq texnologiya mazmuni hám muzika tálimi procesı

Sabaq hámme pánler qatarında muzıka Oqıtıwda ayrım sabaqlar balalardıń tálim alıw processın úyrenıw tiykarında shólkemlestırılgen bolsa, basqaları sabaq berıw processınde payda bolatúǵın mashqalalardı esapqa alǵan jaǵdayda shólkemlestırılgen. Oqıtıw formalarınıń túrleri haqqında bir qansha ilimpazlar tárepinen islep shıǵılǵan filosofiyalıq-modellar tiykarında shólkemlestırılgen. Oqıtıwshınıń tálim berıw modelları tiyarında shólkemlestırıw keń kólemde ámelge asırıla basladı.

Oqıwshılardıń ruwhıy bilimli hám tárbiya tárepten kámil, óz jeke pikirıne iye, óz kóz qaraslarına iye bolǵan barkamal insanlar etıp tárbiyalawda tálim-tárbiya processıi xalıqımızdıń bay milliy, mádeniy-tariyxıy dástúrleri hámde pedagogika, psixologiyanıń songı nátiyjelerıne tiykarlanǵan tálim tárbiya qaǵıydalarına ámel etıp sabaqtı shólkemlestırıw, sonıń nátiyjeli kórsetkishlerıne itibar menen sabaq otıw sabaqtı nátiyjeli ámelge asırıwda kóplegen jetiskenliklerdi Oqıtıwshı qániygege tiykarǵı járdem berıp keledi. Oqıtıwshı bunıń ushın pedagogikanıń tiykarǵı qaǵıydaların bekkem bilıwı, ullı didaktikanıń prıntsıplerıne  ámel etıwı tiykarǵı pedagogikalıq qáǵıydalardı suwday ishıp qoyıwı, óz kásibin tolıq hámde bekkem, tereń bilıwı, oqıwshılardıń psixologiyalıq ózgeshelikleri úyrenıwı talap etiledi. Áne solardıń hámmesi qálıplesken Oqıtıwshı xaqıyqıy Oqıtıwshı esaplanadı.

Oqıw processı tiykarğı tusınikler qollanılıp olar Oqıtıw, sabaq berıw, oqıw, mağlumat, Oqıtıw nızamlıqları, Oqıtıw prıncipleri, Oqıtıw processı túsinikleri jatadı(18) [3]

Sonday-aq, Oqıtıw belgileri qağıydalarıına tiykarlanadı. Oqıtıw barısı menen keń mánıstegi sociallıq processler arasındağı sırtqı, oqıw barısınıń ayrım bólimleri (maqset, mazmun, túr, qural, metod t.b.)arasındağı ishki qatnasıqlardı júzege shığaratúğın ulıwma, baslı, zárúriy hám turaqlı tákirarlanatúğın baylanıslarğa Oqıtıw nızamlıqları dep ataladı. Demek, usı joqarıda aytılğan bólimlerdıń juzege shığıwında, sabaqtıń nátiyjeliliğın asırıwda Oqıtıwshı usı qağıydalarğa ámel etıp tuwrı paydalanıwı kerek hám zárúr.

Oqıtıwshınıń sabaqqa texnikalıq hámme metodıkalıq tárepten tayar túrıwı, aqıl menen is kóriwi, Oqıtıwdı jaqsılawı, jańa Oqıw texnologiyası menen qurallantırıw processı uzaq hámde quramalı, tınımsız izlenıwlerdi talap etedi. Sonday-aq muzıka páni Oqıtıwshısınıń sabaq otıw processınde muzıka janrınıń balalarğa úyretıw menen birge tárbiya berıwde qulay metodlardı izlep tabıwı hámbul metodlardı jańa hámqulaylastırıwshı ómirlik tsıkllardı ózgertırıw arqalı Oqıtıw, tálim berıw processın jańalaydı, álbette pedagogikalıq qağıydalarğa ámel etken jağdayda ámelge asırıladı. Sol qağıydalardı ózinde sińdırgen Oqıtıwshı hár qanday pán muğallimi bolıwına qaramay óz ústınde islewi, kóp metodlardı qollap kóriwi kerek. Oqıtıwshı hár bir sabaq dawamında muzıka yamasa shığarmanı analiz etedi, úyrenıwdıń ańsat sheshımlerın oylap tabadı, bir nársege salıstıradı(salıstırıw metodı), Oqıw processınde motivaciya payda etedi. Oqıtıwshını sabaqta obrazlardı salıstırıp, sóz menen muzıkanı analiz etedi. Sonday-aq, shayır hám kómpozitorlar ómiri hámmuzıka teoriyası haqqında tusınikke bir waqıttıń ózinde iye boladı. Sabaq mazmunı balağa tez sińdıre alıw kerek. Bunda bul shığarma tuwralı oqıwshı pikirlep bilıwı, olardı dodalawı, úqsatıwları, salıstırıwı, sonday-aq, qósıq atqarğanda tabiyğıylığın shığarıwı da bahalanıp barıladı.

Pedagogikalıq qábiliyettıń sırı qollanıp atırğan texnologiyada emes, bálki

[3] Qosnazarov.Q, Pazılov.A, Tilegenov.A. Pedagogika. Nókis. «Bilim» 2009-j. 256 b. -126 b.b.

pedagog tárbiyashı sıpatında, qábiliyetınde, oqıwshılar qálibine jol taba alıwında kórınedi. Muzıka tálimınen mámleketlik tálim standartları tiykarında tálim mazmunında oqıwshılardı bilim hám sawatın tárbiyalaw, olardıń muzıkalıq bilimın asırıw, muzıkanı obrazlı gewgelentırıp salıstırıw, muzıkanı tariyx menen baylanıstırıw hám kóz aldına keltırıw, milliy muzıka mádeniyatınan maǵlıwmatı bolıwi, kórkem hám muzıkalıq qáliw siyaqlı ózgesheliklerdi rawajlandırıw siyaqlı jumıslardı támiyinlew juwapkershılıgi orın alǵan hám bul jumıslardı nátiyjesin nátiyjeli jaqsılaw jumıslarin Oqıtıwshılar waziypaları arqalı támiyinleydi. Jas awladtı kámil insanlar etıp qáliplestırıwde muzıka mádeniyatı nátiyjeli tásır etedi. Muzıka iskusstvosı balalardı gózallıqqa, estetikaǵa bolǵan sezımlerdi asıradı.

Oqıtıwshı sabaqqa texnologiyalıq hám metodikalıq tárepten tayarlaw, oqıtıwdı jaqsı, jańa oqıtıw texnologiyası menen qurallandırıw procesı uzaq hám tınımsız izleniwlerdi talap etedi. Muzıka oqıtıwshısında muzıka mádeniyati sabaǵında muzıka sabaǵın balalarǵa úyretiw menen birge tárbiyalawda jańa qolay metodlardı qollawı hámde bul metodlardı  jańalap ómirlik cıkllardı ózgertiwi arqalı oqıtıw, tálim alıwı procesı jańalanadı.

Oqıtıwshı hár bir muzıka shıǵarmanı analizlap uyretiwdiń ańsat sheshimlerin oylap tabadı, dodalaydı. Qosıqtaǵı obrazlardı salıstırıp, sóz hám muzıka mánislerin dodalaydı. Sol menen birge shayır hám kompozitorlar tvorchestvosın ómirlık siyasiy turmıs dawır waqiyaların sonıń menen birge hám muzıka, qosıq tariyx, tvorchestvo, kompozitorlar avtobiografiyası, teoriya tuwralı túsinikke bir waqıttıń ózinde iye boladı, bul bolsa balaǵa tez sińedi. Hámde bul shiǵarma tuwralı oqıwshı pikirin esitiwı, olardıń analizlerı, úqsatiwların tıńlap bahalap barıladı.

Pedagogikalıq jetiskenliktiń sırı qollanıp atırǵan texnologiyalarda emes, balki pedagog tárbiyashı sıpatında, sheberliginde oqıtıwshılar qálıbine jol taba alıwında kórinedi. Sebebi, insanıylıq ózgeshelikleri, ruwxıy sezimlerge tola múnásebetlerı pedagogikalıq qatnası hám sheberliginiń ornın basa almaydı.

Muzıka sabaǵında shıǵarmanı barlıq tárbiyalıq ahmieti, sezimlerı  menen esitedı, kóz aldına keltiredı, ruwxıy azıq, tálim aladı.

Muzıka oqıtıwshısı óz sabaǵına mehir menen qatnassa, onıń pútkil sırı usılların tereń iyeleydi, sonıń menen birge óz-ózin ańlaydı, sol taraw boyınsha kámal tabadı.

Oqıtıwshı oqıwshını qanday tárbiyalasa ózi de osedı, sheberligi asadı, bilimleri rawajlanıp pedagogikalıq kompetenciyası qáliplesedi.

Oqıtıwshı hár bir shıǵarma úyretiwde sabaqlıqta berilgen social tapsırmalar járdeminde oqıtıwshı hám talabalardıń hár birin ózı payda etiwge múmkinshilık jaratıw kerek.

Sabaqqa oqıwshı yamasa oqıtıwshı tárepinen shıǵarma mazmunın qayta aytıwı, yaǵnıy qaytalaw usılları hám bolıwı múmkin. Bunday usıl, bilimdı bekkemlewge járdem beredi. Oqıtıwshı muzıka yamasa qosıqtı qaytalap balalarǵa úyretıwde zeriktirip qoymawı balki qosıq úyretıwı dáwamında qosıq mazmunı, avtorı, tarıyxıy kórinisin aytıp úyretip qızıqtıra alıwı oqıtıwshı qábılietıne baylanıslı.

Zamanagoy texnologiyanıń únamlı tárepleri ózıne say ozgeshelikleri metodikalıq baǵıtların anıqlap túsinıp alıwımızǵa tuwrı keledı.

Demek, - Sabaqtı aldına qoyǵan tiykarǵı maselesi hám tarawı.

- Jańa pedagogikalıq texnologiyanıń túsinık hám anıqlaması.

- Izertlewshiler tájiriybelerı tiykarında jazılǵan pedagogikalıq texnologiya tuwralı izertlew jumısları.

-Jańa ped.texnologiya sabaǵında oqıtıwshı usıllarındaǵı soylew mádeniyatın ornı.

- Pedagogika tarıyxında bilimge, soylew mádeniyatına bolǵan talap.

- Oqıwshılardı tańlaw kerek emes balkı oqıtıw kerek.

- Oqıtıwdıń dáwır talabı.

Sabaq otiw procesında hár túrlı metodlar kóbeyip ketedı. Bunda sabaqta otilip atırǵan shıǵarma yamasa qosıqtıń kórkenmligi, gózallıǵı kórinbey qaladı. Bul kemshiliktı aldın alıp oqıtıwshı metodı tuwrı tańlap biliwi kerek.

Oqıtıwshı mimikalar, ırǵaqlar, diktsiyalardan tuwrı paydalana alıwı qosıq ırǵaǵına, sóz qatarlarına, gózzal qosıq shıǵara alıwda hamde tıńlawshıǵa jetkere

alıwda oqıwshılarǵa jaqsı, tuwrı sińiwine kúshli ped.texnologiya, pedagogikalıq sheberliktı talap etedı.

Tálim dizimi, mazmunı hám onıń quramın keńeytiw, tereńlestiriw, ásirese, tálim mazmunında tek bilim, kónlikpe hám tájiriybe emes balkı ulıwmainsanıylıqtı, madeniyattı qurawshı-tvorchestvolıq háreket tájiriybesi, dógerek atırapqa múnásebetlerin de kiritıw ideyası kún tártibinde kóndeleń etip qoyıldı.

Bul ideyanı biz social turmıstıń tómendegi komponentlerin júzege shıǵarıwı múmkin: - jumıs túrlerı

- social sana formaları
- social múnásebetler dizimı,
- social hám tabiyǵiy barlıq.

Sabaq processınde, tálim tárbiyada oqıwshi tiykarǵı háreketlendiriwshi kush, tálim processınıń sub'ekti bolıwı kerek, yaǵnıy oqıw, úyrenıw oqıwshı moynına jukleniwı kerek.

Muǵallim wazıypası bolsa oqıtıwdan oqıtıwdı úyreniwge, bilim beriwden oqıwshılardıń bilimlerin ózbetinshe iyelewine kómeklesedi. Ol oqıwshıǵa itimal tuwdırıw, mumkinshilik jaratıwı hám onı jawapgershılıǵın seze alıwǵa jollawı kerek.

Hár bir sabaq aldına tálim, tarbiyalıq hám rawajlandırıwshı, yaǵniy bir biri menen baylanısta bolǵan maqsetler qoyıladı. Házirgi dáwir oqıw procesına pedagogikalıq texnologiyalardı usınıw menen xarakterli.

Ped. texnologiyalardan paydalanıw, tálim texnologiyalarınıń ilimiy tiykarların islep shıǵıw, pedagogikalıq innovaciyalar, avtorlıq mekteplerı hám jańa texnologiyalardı tajiriybe menen baylanıslı boladı. Búl tájiriybeler belgili dizimdi islep shıǵıwı hám ulıwmalastırıwdı talap etedi.

Pedagogikalıq texnologiyanıń interaktiv sıpatları, ishki bólekleri, dúziliwi, funkcional belgisi, kommunikativ ózgeshelikleri, tarıyxıylıgı hám uzliksizligin izertlemekte. «Texnologiya», «pedagogikalıq texnologiya» túsıniklerı házirgeshe izertlewler bolıwın kórsetedi. Pedagogikalıq texnologiyalar qaǵiydalardı tiykarlaw, texnologiya túrlerı, mazmunınıń ashıp belgili bul texnologiyalardı oqıw procesında

izertlew jolların belgılew tálimniń bárshe basqıshlarında onıń nátiyjeliligin asırıwǵa mumkinshilik jaratadı.

Oqıw procsesın tiykarǵı maqseti – oqıtıwshınıń óz pedagogikalıq sheberligin qayta korip shıǵıwǵa járdemlesiw, jánede joqarı sıpatlı metodikalıq baǵıtlarǵa umtılıwın payda etiw, keleshektegi oylar, izlenıwler tájiriybelerge itermelew.

Oqıtıwshınıń, oqıwshınıń erkin hám tolıq bilim alıwı ushın mumkinshilik jaratıwı, pán tiykarların iyellewge qızıqtırıw, mehir oyatıw menen shuǵıllanadı. Oqıtıwshı qábilietin talantlarına qaray tálim tarawın tańlaydı.

Oqıw texnikası (dawıs shıǵarıp, sıbırlap, juzekılikke, juzekı oqıwǵa) itermeleydı. Qósıq aytıw texnikası bolsa sıngırlap aytıw, bilimli aytıw, juzeki aytıwǵa bólinedi. Aytılǵan qósıqqa qaray qósıq aytıwdıń jólları, jańa texnikası payda bóladı. Oqıw protsessinde sól dáwir waqıyaları, turmıs protsessin alıp kirip, oqıwshı yakı talabanıń kónlikpesin asıradı.

Oqıw procesı zamanagoy psixo-pedagogikalıq pánler erisken jetiskenliklerge qaray qalegen oqıw procesı ush bir-biri menen baylanıslı bolimnen turadı. Motivler, oqıwshınıń oqıw, ózlestiriwi, biliw procesı, oqıwshını biliw procesın basqarıw. Basqarıw wazıypasın texnik apparatlar yamasa oqıtıwshı alıp baradı.

Oqıw procesı bólimlerinen hár birinde qanday pedagogikalıq maqset názerde tutılǵanlıǵına qarap tálim-tarbıya protsessinıń turlı metodika(texnologiya)ları payda boladı. Tálim-tárbiya wazıypasın orınlawı qolay bolıwı ushın bar texnologiya, metodikalardan qay birin tańlaw, belgılı bólimler hám ólshemler tiykarında ámelge asırıladı hám oqıw procesleri ózara bir-birine say bolıwı kerek.

Pedagogikalıq texnologiyanıń bul bóleklerin isletkende tabiyatqa say printsipin hám oqıw proesın tezletiwshi principlarına ámel etedı. Tabiyatqa maslıq princıpı - tálim-tarbiya procesı oqıwshınıń kóbirek say keliwin nazerde tutadı.

Balanıń oqıwǵa bolǵan qızıǵıwı tálim hám tarbiyanıń tabiyatqa maslıǵın kórsetkishi esaplanadı. Oqıw procesın tezletıwshı princı didaktikalıq wazıypanı tezirek hám jóqarılaw dárejede ámelge asırıwdı, az waqıt hám az kush isletıp kóbirek nátiyje alıwdı názerde tutadı.

Oqıwshınıń bilim ózlestiriw tezligi tezletiw printsipiniń kórsetkishi esaplanadı. Oqıwshıda motivaciya payda etiw ushın muǵallim doretiwshi bolıwı kerek. Jana qosıqtı balalarǵa uyretkende oqıwshılardıń tuwrı jaqsı qabıl etkenin balalardıń tez, shaqqan kirisip ketiwi, qósıqtı tez ózlestıriıp qósıq aytıp beriwdi sórap baslaǵanda kórınedi.

Motivaciya payda ete biliwi ushın turli usıllar bar, balada keleshekte kasip-óner iyelewi, jámieytten óz ornın tabıwı ushın bul predmetti jaqsı iyellewi zárurligin ańlaw-motiv payda etıwdiń kerekli usıl-metodlarınan esaplanadı.

Tálim alıwdıń maqseti anıq emes bólsa, oqıwshı bilim alıwǵa qızıqpay qoyadı, oqıtıwshı hám ata-analar balalardıń oqıǵısı kelmeydi dep arız etedı. Bunıń sebebi, oqıw protsesiniń motiv payda etiw basqıshı nádurıs ekenligin korsetip turıptı. Bunda bala oqıtıwshınıń talapların tusinbey, isenimsiz oqıw wazıypaların juzeki orınlaydı. Oqıtıwshı bulardıń aldın ala qızıǵıwların bilip motiv payda etiw ushın mumkinshilikler jaratıwı kerek. Ulıwma aytqanda pedagog oqıw protsesin alıp barǵanda hár bir bólim, usıl, texnologiyalarına itıbar beriwi sabaqtıń nátiyjeli ámelge asıwın táminleydi.

Búǵıngi kúnde oqıwshılardıń iskerliǵın aktivlestırıw maqsetinde bilim hám uqipların dóretıwshılik penen ózlestırıw, sabaqlarda óz betınshe jumıslardı, oyınlardı, problemalıq jaǵdaylardı talıqlawdı, dialoglardı aktivlestırıwde únamlı emocional sharayatların jaratıp bilıw ushın, metodlardı izbe-iz qollanıp barılıwı arqalı ámelge asırıw óz áhmiyetıne iye.

Aktiv hám interaktiv Oqıtıw metodları, Oqıw materialın ózlestırıw processınde oqıwshılardıń aktiv oy-juritıwın hám ámeliy dóretıwshılıǵın payda etıwshı metod bolıp esaplanadı.

Bunday aktiv hám interaktiv metodlardıń payda bolıwı hám rawajlanıwı Oqıtıwda jańa máselelerdıń payda bolıwı menen belgilenedi: oqıwshılarǵa tek bilim berıp qoymastan, olardıń qiziǵıwshılıqların hám úqıplılıqların qálıplestırıw hám rawajlandırıw, sonday-aq, ózbetınshe dóretıwshılik pikir júrgiziw úqibın támiynlep barıw jańa dáwir talabına aylanbaqta.

Zamanagóy kompyuterlik texnologiyalar tez pát penen rawajlanıwı jámiyttıń barlıq turmısına, sonıń ishınde bilimlendırıw tarawına taralıp orap alǵan. Oqıw processınde pedagog penen kompyuterdıń birgeliktegi qatnasıwı bilimlendırıwdıń sapasın ádewir jaqsılandı. Bul texnologiyanı ámelde qollanıp barılıwı bilim berıw processın aktivlestıredi, oqıwshılardıń oqıw predmetıne qızıǵıwshılıǵın payda etedi.

Dástúriy oqıtıw metodı menen salıstırǵanda interaktivlik metodı tiykarında óqıtatuǵın sabaqlarda oqıwshılar oqıtıw processıne aktiv aralasıw múmkinshılıǵıne iye boladı: sorawlar berıw, oqıw materialındaǵı túsınbegen informaciyanı qolay anıqlap alıw. Mul`timediya texnologiya degenimızde, apparatlıq hám programmalıq qurallarınıń óz-ara baylanısın túsınemız bul adamga informaciyanı bir waqıt ishınde bir neshe seziw organları menen ózine qabıllay alıwın támiynleydi. Informaciyalar adamga zamanagóy qolaylı formada berıledi: audio informaciyalar (ses penen), videoinformaciyalar, animaciyalar (háreketler menen, mul`tıplikaciyalar).

Oqıtıwshınıń maǵlıwmatlardı videoinformaciya yamasa animaciya menen barabar tárıplep berıwi, oqıwshılardıń oqıw materialınıń mazmunına itibar qaratıwdı aktivlestıredi hám jańa temaǵa qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Bunday oqıtıw metodı emocianallıqa iye bolıp, oqıwshılarda estetikalıq qanaatlandırarlıqtı payda etedi. Sonday-aq, oqıtıwshınıń bergen informaciyasınıń sapasın kóteredi.

Oqıw materialın túsındırıw processınde oqıtıwshı informaciyalardıń úzindisın slaydta illyustraciya sıpatında kórsetedi. Bul oqıwshılardıń oqıw materialın elede sapali etıp ózlestırıp alıwına járdem beredi.

Sonday-aq, oqıw processınıń effektivligi balalardıń oqıw materialın elede tereń túsınıp alıwına imkaniyat jaratadı. Bir tárepten oqıtıwshı menen komp`yuterdıń birgeliktegi qatnasi hár qıylı kategoriyadaǵı oqıwshılardıń oqıw predmetın qolaylı jol menen iyelep alıwdı, pánde ózlestırıp alıwdıń sapasın jaqsılawda xızmet etedi. Ekinshı tárepinen-oqıtıwshılardıń kvalifikaciyasınıń joqarı dárejedegi tayarliǵın talab etedi. Bul degenimız oqıtıwshılar bilim berıwdıń tek dástúriy metodların iyelep qoymastan, oqıtıwdıń specifikasına sáykes, ilim hám

texnikanıń zamangóy eriskenliklerın modernizaciyalaw arqalı qollanıp bilıwı, dáwir talabına aylanbaqta.

## II-Bap. Muzıka sabaǵında nota sawatı hám onı úyretiw metodları

### 2.1. Muzıka sabaǵında ámeliy metodlardan paydalıw

Muzıka tálimi oqıwshılarda muzıka iskerligi mazmunın tiykarlaw, dálillew, salıstırıw, bir-birine qarama-qarsı qoyıw sheberligin asırıw ushın awızeki metodlardıń rolin kóteriw, oqıtıwdıń awızeki metodları tárbiyalıq tásirin kúsheyttiriwine ayrıqsha dıqqat beriw zárúr. Oqıtıwshınıń sózi tek ápiwayı maǵlıwmat beriwden quralmay, balkim isendiriwshi, tiykarlawshı, dálillewshi, tásırsheń kúshke iye bolıwı kerek. Oqıtıwshınıń sóz emociyaları, aytıp berilgen temalarǵa shaxsıy múnásibet penen baylanısqan bolıwı eń kerekli aspekt esaplanadı. Bulardıń barlıǵı oqıtıwdaǵı awızeki metodlardıń tárbiyalıq tásirin kúsheyttiriw múmkinshiligin beredi.

Ámeliy metodlar oqıwshılarınıń shınıǵıwları, sonday-aq, laboratoriya hám ámeliy jumıslar kórinisındegi hár qıylı iskerlikten turadı. Bul metodlar jańa bilimlerdi iyelew hám dáslep alınǵan bilimlerdi bekkemlewge xızmet etiwi múmkin, lekin olardıń tiykarǵı wazıpası-alınǵan bilimlerdi ámelde turli jaǵdaylarda qollanıwǵa úyretiw hám oqıwshılarda kónlikpe hám tájiriybeler payda etiw.

Muzıka táliminde ámeliy metodlar járdeminde oqıwshılarda qosıq aytıw tájiriybeleri, muzıkanıń dúzilisi hám túsındiriw, kórsetiw quralların dodalaw, onıń janr hám formaların anıqlaw hám nota jazıwın úyreniw tájiriybe hám kónlikpelerın qáliplestiriw ushın qollanıladı. Máselen, qosıq aytıw tájiriybelerin rawajlandırıwda, nota jazıwın yamasa muzıkaǵa qádem taslawdı úyreniwde, tiykarınan, shınıǵıw metodınan kóbirek paydalanıladı, olar hár qıylı jumıs túrinde qollanıladı. Ámeliy metodlardı ámelge asırıwda oqıw axborotların awızeki yamasa kórgizbeli túsındiriw ámelge asırmastan, balkim alınǵan teoriyalıq bilimlerdi ámeliyatta

qollanıw ámelge asırıladı. Ámeliy shınıǵıwlar metodınan paydalanılǵanda alınǵan teoriyalıq bilimlerdi ámelde pútkil qollanıwdı tolıq dárejede támiyinlew múmkinshiligin beretuǵın shınıǵıwlar sistemasın tańlaw oǵada kerekli. Eger, máselen, birinshi klasslarda muzıka sawatınan nota jazıw qaǵıydaları ózlestirilip atırǵan bolsa, ol jaǵdayda shınıǵıwlar sisteması bul barlıq qaǵıydalardıń ámeliy qollanıwın tólıq iyelewi kerek. Bunda baslawısh klass oqıwshılarına notanıń tayaqshasın salıw qaǵıydası, bas bólegin jazıw qaǵıydası, bas hám tayaqshasın qósıp jazıw qaǵıydası, bayraqshanı jazıw qaǵıydası hám notanıń úsh bólegin qósıp jazıw qaǵıydası kózde tútıladı.

Shınıǵıwlar sistemasına bir putinlikten tısqarı logikalıq izbe-izlik talabı da qoyıladı, búl máselen, notalardı nota jolı sızıqları arasına, sızıqlarǵa, birinshi sızıq astına, besınshi sızıq ústine, qosımsha sızıqlarǵa jazıw sıyaqlı shınıǵıwlardı hár bir aldıngı shınıǵıw keyingi shınıǵıwdı ózlestiriwge tayarlawǵa járdem beretuǵın etip jaylastırılıwın talap etedi. Logikalıq izbe-izlikti buzıw bilimlerdi ózlestiriw hám bekkemlew nátiyjeliliginıń páseyiwine alıp keledi. Shınıǵıwlardı orınlawda oqıtıw metodlarınıń bul túrin qollanıwdıń nátiyjeliligin asırıwın támiyinlewshı tómendegi qaǵıydalarǵa boysınıw zárúr. Oqıwshılar aldınnan orınlanatuǵın shınıǵıwlardıń anıq maqsetin: shınıǵıwlardı orınlaw dawamında qanday bilimlerdi qollanıwı, onı bekkemlew, shınıǵıwdı orınlaw dawamında qanday bilim hám tájiriybelerin payda etiw zárúrligin qoyıw kerek.

Oqıtıwdıń ámeliy metodında vokal-xor tájiriybeleri muzıka páni dástúrine kórsetilgen qosıq repertuarı arqalı hám óz aldına qanday da bir tar aylanıstaǵı maqsetti qoyǵan arnawlı vokal-xor shınıǵıwları arqalı payda etiledi.

Qosıq muǵallimleri vokal-xor shınıǵıwların waqıttı biykarǵa alatuǵın nárse dep, oǵan ámel etpeydi, qosıq ústinde alıp barılatuǵın jumıstıń ózi oqıwshılarǵa vokal tárbiyasın beriw ushın jeterli dep esaplaydı. Bunday kóz qaraslar menen kelisip bolmaydı. Muzıka oqıtıwshısı arnawlı shınıǵıwlardı tańlawda qansha dóretiwshi bolsa, ol óz maqsetine sonsha tez erisedi.

Ámeliy shınıǵıwlar hár qıylı bolıwı múmkin, biraq barlıq waqıt balalardıń jas ózgesheliklerın esapqa alınıwı maqul. Qosıq aytıw shınıǵıwları hám shınıǵıw-

qosıq atqarıw ámeliy sabaqtıń kerekli quralı esaplanadı. Laboratoriya hám ámeliy jumıslar oqıwshılardıń oqıtıwshı basshılıǵında ámelge asırılatuǵın hár qıylı ózbetinshe jumıs túrinen turadı. Muzıka sabaqlarında da oqıwshılar muzıkalı háreketlerdi ámelge asırıw jolları yamasa muzıkalıq oyınlardı alıp barıw taktikası tuwralı erkin bilim alıwı múmkin.

Muzıkalıq oyın tiykarınan baslawısh klasslarda jaqsı nátiyje beredi, klassta kishi muzıkalıq ayaq-oyınlar úyrenilse, klasstan tısqarı sabaqlarda klassta úyrenilgen hám keń maydan talap etiwshi nama hám qosıqlar ámeliy atqarıladı.

Ámeliy metodtıń tiykarǵı shárti orınlanǵan shınıǵıwlar, ámeliy jumıslar analizlew hám olardı bahalaw. Sabaqta muzıkalıq oqıw kónlikpeleri hám tájiriybelerinde jaqsı hám jaman pazıyletler bóladı. Sonday-aq, oqıwshılar jol qoyatuǵın tipik qáteler de kórinedi. Biraq klassta jaqsı jumıslardı ámelge asırıp únamlı úlgi tiykarında oqıtıw kerek. Oqıwshılar, ásırese, óspirimlerdiń óz jumıslarınıń qáreleri naduris mısal sıpatında putkil klassqa kórsetilse, olar júda qapa boladı. Eger kónlikpeni qáliplestiriw shartlerıne ámel etilse, oqıtıwdıń ámeliy metodları oqıw materiallarınıń tabıslı hám nátiyjeli bolıwına alıp keledi.

### 2.2.Muzıka sabaǵında oqıwshılardıń nota sawatlılıǵın asırıw barısı

Muzıka páni ózine jarasa quramalı pedagogikalıq qıyınshılıqtı talap etedi. Bunda barlıq jumıslar belgili tema tiykarında óz ara baylanısadı, nátiyjede sabaqtıń bir tutaslıǵı payda boladı. Muzıka sawatı barlıq jumıslardı teoriyalıq birlestiriwshi jumıs sıpatında áhmiyetke iye. Sabaqta qaysı jumıs sabaqları yaǵnıy muzıka túsınigi, qosıq aytıw, muzıka menen háreket hám basqalar qollanılmaslıǵı, onıń ámeliyatında paydalanılıp atırǵan shıǵarma úyreniliwin támiyinlew hám onıń ózgeshelikleri yaǵnıy janrı, dúzilisi, atqarıwshılıǵı hám basqalar haqqında yaǵnıy túsınikler payda boladı. Sol sebepten muzıka sawatı tek ǵana nota sawatı metodlarınan sheklenbesten, bálkim oqıwshılardıń ulıwmalıq muzıkalıq bilim sheńberin payda etiwshi, ulıwmalıq bilim túsinikler kompleksın sińdirip barıwdan quraladı.

Nota sawatı muzıka sabaǵınıń bólimlerınen biri bolıp, jámáát bolıp qosıq aytıwǵa qaray ekinshi dárejeli orındı tutadı. Bul jumıs muzıka teoriyasınan baslawısh bilim beredi, balalardıń bilim sheńberin kóteriwde járdemlesedi. Nota sawatı muzıkaǵa, onıń túsındiriw qurallarına sanalı múnásibetti tárbıyalaydı, muzıkanıń mazmunın túsınip alıwǵa járdem beredi. Eń kereklisi bolsa, notaǵa qaray atqarıw hám qosıq aytıw tájiriybelerin payda etiw, garmoniyalıq esitiw qábiletin ósıriwge tásır kórsetiw, xorda dawıslardı anıq aytıwǵa, atqarıw sıpatın asırıwǵa esitiwge qolaylılıq tuwdırıw jolı menen klassta qosıqlar úyreniwi ańsatlasadı.

Muzıka sawatı ushın muzıka sabaǵında 10-15 minut waqıt ajıratıladı. Sol sebepli hár sapar qosıq úyreniw hám muzıka shıǵarmaların tıńlaw procesinde atqarıw, esitiw tájiriybelerin hám muzıkalıq bilimin bekkemlep tereńlestirip barıw kerek.

Mektepte muzıka sawatın úyretiwde qoyılatuǵın tiykarǵı metodikalıq talap alınǵan muzıkalıq bilimdi ámelde qollanıw hám sawat úyretiw menen birge qosıq aytıwdı bir-birine bárhama baylanıstırıp alıp barıwdan turadı. Oqıwshılar óz-betinshe qosıq ayta alatuǵın hám tanıs bolmaǵan shıǵarmalardı notaǵa qaray úyrene alatuǵın bolǵan waqıtlarında ǵana muzıka sawatın úyretiwden kózlenetuǵın maqsetke erisilgen boladı.

Sabaq procesinde oqıwshılarǵa muzıka haqqında beriletuǵın barlıq bilim hám túsınikler muzıka sawatı sheńberine kiredi. Oǵan muzıkanıń ózine say ózgeshelikleri yaǵnıy kórkem óner sıpatında túrmıstıń sawleleniwi, túsındiriw quralları yaǵnıy tili, sóylewi; janr túrlelı, dúzilisi, atqarıw usılları, atqarıwshıları, saz ásbapları túrlerı hám basqalar kiredi.

Muzıka sawatı sabaqta ózbetinshe muzıka jumısları sıpatında ámel etpew, bálkim basqa jumıslar procesinde muzıka shıǵarmaların kórkem úyreniw hám atqarıw jumısların sawatlılıq tiykarında orınlaw ushın járdem beredi. Muzıka sawatı mazmunı oqıwshılardı muzıka sawatlılıǵın qáliplestiredi hám onıń sheńberin jáne de keń jaydırıp, tereńlestirip baradı.

Oqıwshi qanday da dawıstı dawıs penen eske túsıriwden aldın onıń qanday esitilıwin anıq pikir etiwi hám esitip bilıwi yağnıy kózge kórinetuğın nárselerden esitiletuğın nársege qaray barıwı kerek. Jámáát bolıp qosıq aytıwda hám muzıka sawatın úyreniw procesinde de metr-ritm sezimi, esitiw qábileti rawajlanadı.

Nota sawatı birinshi klasstan baslap úyretiledi, onda balalardıń kópshiligi balalar baqshasında muzıka sabaqların qatnasıp, muzıkalıq júmıs túrlerı bóyınsha bir qansha tájiriybege iye boladı. Olar qosıqlardı, oyınlardı úyrengen hám ritmikalıq háreketleri menen tanısqan boladı.

Oqıwshılardıń putkil muzıkalıq bilim alıwına birinshi klassta múmkinshilik jaratıladı. Sonıń ushın bul basqıshta oqıtıwshı oqıtıw metodikasın judá jaqsı bilıwi, balalardıń anatomiyası, fiziologiyası, psixologiyasın, olardıń jas hám individual ózgesheliklerin, muzıka hám qosıqshılıq kónlikpelerin tereń bilıwi kerek.

Birinshi klassta muzıkalıq tálim shartli túrde eki basqıshqa bólinedi. Birinshisi tayarlaw basqıshı bolıp, bunnan kózlenetuğın tiykarğı maqset-balalardıń muzıka qábiletin ósiriw. Bul basqısh oqıw jılınıń birinshi yarımın tolıq iyeleydi.

Muzıka sawatı sabaqtıń bilim beriw funkciyasın orınlaydı, onıń tiykarğı gilti hám pedagogikalıq obyekti shereklik temaları hám olardı jarıtıwğa mólsherlep tańlanğan atqarıw hám tıńlawğa say shığarmalar. Bul shığarmalar balalardıń muzıkalıq tájiriybeleri, kúndelik muzıkalıq túrmıstan alıp atırğan juwmaqları hám pikirleri tiykarında úyrenilıwi kerek.

Birinshi yarım jıllıqta birinshi klass balalarına muzıka xarakteri haqqında beriletuğın bilimlerdi tómendegishe beriw múmkin:

1. Balalar dıqqatı muzıkanıń túsındiriw quralları – melodiya, registr, temp, ritm, dinamikalıq belgiler hám basqalarğa dıqqat awdaradı. Dáslep bul sózliklerdıń asırese, qağıydalardı táriplew menen túsındiriw qıyın. Máselen, birinshi sabaqlarda balalar atqarğan qosıq melodiyasında belgili mazmun hám talğam (quwanısh, kewillilik, oyınshıllıq, múńlılıq hám basqalar) dıń barlığı hámde muzıka háreketi jaqsı bolmastan, balki joqarı hám tómenge qaray bağdarlap túrıwı yağnıy registr xárakteri anıqlanadı. Sonday-aq, nama muzıkalıq dawıslarınan quralıp, uzın hám qısqa bolıwı yağnıy ritm xarakteri de anıqlanadı. Nátiyjede, uzın

hám qısqa muzıkalıq dawıslardıń joqarı hám tómenge qaray túrlishe baǵdarlanıwı nama ekenligi túsındiriledi. Balalar muzıkanıń plakat yamasa doskadaǵı grafiklı sızıqlı háreketine hám onıń uzın hám qısqa dawısların nota kartochkalarına qaray atqarıwı nátiyjesınde tereń bilimge iye bolıp baradı.

Bul, tiykarınan, ana tili páninen sóylew háripleri-dawısları jazılǵan kartochkalardan paydalanıw tájiriybesıne tiykarlanadı.

Kartochkalardaǵı notalardı qol shappatlaw menen hám balalardıń sáz ásbaplarında shertiw, muzıkaǵa ritmikalıq qosılıw hám muzıkaǵa say háreketlerdi islew, qadem taslawlar bolsa onıń ámeliy kórinisin bildiredi.

Joqarıda aytıp ótilgen pikirlerge kelgenimiz, álbette dawıs haqqında túsınik berip ótılıwın aytıp ótiwimiz kerek. Bunda balalarǵa dawıslar tábiyiy fizikalıq shawqımlı hám muzıkalıq dawıslarǵa bóliniwi aytıladı. Shawqımlı dawıslarǵa shıtırlaw, pıshırlaw, partlaw, shúyildaw, qıshqırıw, sıńǵırlaw hám basqalar kirse; muzıkalıq dawıslarda bolsa qanday da bir muzıka ásbabınan anıq balentlikke iye bolǵan, belgili tártipte sholkemlestirilgen muzıka dizbegine aytılıwı haqqında apıwayı sázlar járdeminde túsınik beriledi. Keyin bolsa muzıkalıq dawıslardıń ózgeshelikleri haqqında túsınik beriwge otiledi.

Registr hám ritm sezimlerdi rawajlandırıwda grafikalıq (uzın hám qısqa) sızıqlar járdeminde muzıkanıń sxemasın túsındiriwi hám oǵan qaray atqarıw, qol shappatlaw ritmikalıq qosılıwı kerek.

Bul jumısta kónlikpe payda bolǵannan keyin uzın hám qısqa sızıq (dawıs) lar ústine sherek hám segizlik notalardı jazıp atqarıw jaqsı nátiyje beredi. Bul jumısqa jáne qaraqalpaq xalıq oyını “Shaǵala” qosıǵın da mısal etip alsaq boladı.

1.Muzıka xarakterin seziwde eń kerekli lad túsınigi. Birinshi klassta major hám minor ladları, tiykarınan, balalarǵa túsınikli bolǵan «jarqın», «birgelikte», «shóq» (major), «jumsaq», «múńli» (minor) sıyaqlı sózler menen túsındiriledi. Lad ahmiyetin tek ǵana ámeliy tárepten ańlaw maqsetinde úyreniletuǵın qosıqlardıń úsh dawıslılıǵı hám muzıkanıń ladı ózgerttirilse, balalar ırǵaq buzılǵanlıǵın tez aytadı. Keyingi klasslarda bul usıl óz nátiyjesın beredi.

Registr, temp, dinamikalıq túsler ózgesheliklerin balalar tiykarınan shıǵarmadaǵı kontrast salıstırılıwı tiykarında túsınip aladı.

2.Qosıq aytıw hám qosıqtı atqarıw qaǵıydalarına say bilimler, qol shappatlaw hám sáz ásbabında shertiw qaǵıydaları, muzıkaǵa say háreket túrlerı, shıǵarmanıń janr xarakteri, atqarıwshıları (sáz, jeke dawıs, solo, sáz ansambli, xor, orkestr), sáz ásbapları túrlerı menen tanısıw sıyaqlı bir qatar bilimler hám muzıka sawatı dizbegine kiredi.

## 2.3. Muzıka mádeniyatı sabaǵı barısında nota sawatı iskerligi forması hám metodikası

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıwshılardıń baslawısh klass waqıtında muzıka táliminde tiykarǵı fundamenti jaratıladı. Bunda oqıtıwshılar muzıkalıq sezimine hám muzıkalıq qábiletke say hám de dúnya muzıka mádeniyatınıń bibáhá úlgileri menen tanısadı.

Muzıka tálimın jaslarǵa úyretıwde pedagogikalıq sheberlik penen jantasıw, oqıw orınların texnikalıq qurallar menen támiyinleniwi, bilimlendiriw tarawın házirgi kúndegi baslı waziypası.

Oqıtıwshı tálim bermesten aldın oqıwshılardı tayarlap alıwları, olardıń jas ózgesheliǵınen baslap sabaq nátiyjeliǵın támınlew ushın tómendegi is-ilajların órınlawı zárúr.

Muzıkalıq esitıw qabiletin qálıplesıwı ushın kiritilgen shınıǵıwlar:

1. Namanıń háreketlerın ajıratıw joqarı hám tómen, joqarıǵı hám tómengi sesler. Muǵallimnıń awizsha tapsırması boyınsha, úsh sesliklerınıń hám ses qatarın ózlestırıw, «oyda» eleslew hám keyin ala atqarıw;

2. Notalardıń jazilıwı boyınsha, ses qatarınıń basqıshların ózlestırıw;

3. Awizsha diktantlar («Jumbaqlar») esitkenın atap aytıw, sońınan ritmi hám biyikligi boyınsha duris atqarıw;

4. Jazba túrındegi diktantlar, esitkenın eleslewge awdarıp hám ses biyikliklerın jazıw, soń jazǵandi duris atqarıw ritmi boyınsha;

5. Burın tanıs bolgan mısaldi, notaları arqalı bilıw;

6. Úsh sesliklerdi hám ses qatarlardı nota jazbası arqalı «izbe-iz» atqarıw;

7. Eki sestıń biyikligi arqalı (keń hám tar jaylasıwda) esitıp ajiratıw, sońinan bir tonnıń hám yarim tonnıń biyikliǵın ajiratıw. Berılgen sestıń yarim tonın awizsha tapsırmasi boyınsha jańa tapsırmalar beriwi;

8. Saz-áspabsiz nota boyınsha atqarıw bunda esitıw eleslewlerınıń aktiv qálıplesıwı, bul mısallardı ishınen atqarıw;

9. Kamertonnıń sestıne «sazlanıw» hám izlegen sesın tawip alıw;

10. Úyrenıp atırgan qosıqlardıń tekstlerın hám sonday-aq, taxtadaǵı jazılgan nota mısalların kóshırıw;

11. Awızsha diktantlar mısallarınıń sheshılıwın dápterlerge jazılıwı;

12. Esitıw arqalı major hám mınor úsh seslıklerın ajiratıw, sonday-aq, atlas úshseslıklerınıń (do major-do mınor) nota boyınsha intonaciyalaw;

13. Muzıkanı tıńlaǵanda qosılıp birgelikte atqarıw;

14. Solfedjiyo atqarıwǵa háreket etiw hám t.b.

Muzıka oqıtıw processınde, álbette balalardıń estıw qábiletlerınıń rawajlanıwına tiykarǵı dıqqattı awdaramız, sebebi muzkani bizler kóriw arqalı emes, al esitıw arqalı sezıp, qabıllaymız.

Balalardıń esitıw qábiletınıń múmkinshılikleri hár qıylı boladı, sonlıqtan muzıkalıq bilim alıw basqıshlarında temanı qamtıp úlgere almaytuǵın oqıwshılar da boladı. Mısalı, esitıw hám dawıs koordınaciyasına iye emes, ses biyikliklerın sezbeytuǵın, seslerdi atqarıw paytında qızıqsınbaytuǵın balalar menen hám t.b.

Bunday oqıwshılar menen tájiriybe jumısları, sabaqtan keyin qosımsha alıp barıladı. Muzıkalıq tárbiya dizimin tálim qaǵıydaları hám de oqıwshınıń jas ózgesheligine qaray shólkemlestiriledi, sonday-aq, olardıń bilim beriw koordinaciyalarında differencial jantasıw kerek álbette, bolmasa basqa úlgerip atırǵan oqıwshılar olar menen arqada qalıp qoyadı.

Jańa Ozbekstanda muzıka sabaqlıqları bir eki avtorlıqta shıǵa basladı, bul da qaraqalpaq klasslar ushın úlken jetiskenlikler boldı. Bul kitaplarda strukturasındaǵı

qağıydalarınıń izbe-izlik órınlarınıń almasıwına qaramastan, házirgi waqıtta usı kitaplardan paydalanıp mekteplerde sabaqlar alıp barılıp atır.

Oqıw jıl dawamındağı hár bir sherekke temalar belgilenedi. Sabaqtan sabaqqa ótıp mazmunı tereńlesıp hám qıyınlasıp baradı. Barlıq sherekler arasındağı temalar tiykarğı temağa boysınadı. Mısalı: .B.Kabalevskiy tomendegi metodikalıq pikirleri haqqında aytıp ótsek: Bunda I-klasstıń I-shereǵınde qosıq, oyın hám marsh muzıkaları tiykarğı baylanıwshı tema bolsa, II-sherekte intonaciya haqqında. III-sherekte-muzıkanıń rawajlanıwı haqqında; IV-sherekte baylanıstırıwshı tema “kompozitor atqarıwshı-tıńlawshı”, yağniy úshlik haqqında boladı[4].

Hár bir jumıstıń nátiyjeli baslanıwı, onıń keyingi rawajlanıw bağdarına tiykar jaratadı. D.B.Kabalevskiy bul metodlardı jaratıwda tanıqli “úsh kit” (“tri kita”) usılın tiykar sıpatında qollanadı. Demek, I-IV-klass oqıwshılarına, muzıkanıń tiykarğı formaların hám janrların usı «marsh»- qosıq, oyın, marsh, milliy oyın arqalı, yağnıy ápıwayı túsiniklerden paydalanadı.

Al, orta klasslarında: opera, vocal xor shıgarmaları hám xalıq qosıqları, quramalı nota sawatınan paydalanıladı. Bunda, 4 klasstıń tematikalıq dúzilisi, birınshı hám ekinshı yarim jıllıgına bólınedi. Birınshı yarim jılliǵınıń tiykargi temasi: «Muzıka hám ádebiyat». Yarım jıllıq óz ishınede eki sherekke bólınedi. I-sherekte «Eger ádebiyat bolmasa, muzıkağa ne bolar edi» degen tema belgilengen, al II-sherekte «Egerde muzıka bolmasa, ádebiyat penen ne bolar edi?».

Ekinshı yarim jılliǵında «Muzıka hám súwretlew óneri» ulıwmalıq tema bolıp esaplanıp, onıń III-shereǵınde «bizler muzıkani kóre alamızba?», IV-shereǵınde «Bizler suwretti esite alamızba?» degen temalarğa tiykarlanıp óqıtiladı.

Keyingi klasslarda da bağdarlama dúzilisi usı tárizde dawam etedi: 5-klassta «Muzıkanıń jańalandırıwshı kúshı» hám «Muzıkanıń sırı nede». 6-klassta «Muzıkalıq obraz» hám «Muzıkalıq dramaturgiya». 7-klassta «Muzıkada zamangóy túsınigi» hám «Iri kólemli shıgarmalar» menen «Xalıq dóretpeleri».

Muzıkalıq bilimlendırıw tarawında metodtıń sapası hám ámeliy qolaylıǵı búǵıngi kúnde de óz aktualliǵın joǵaltqani joq.

[4] D.B.Kabalevskiy «Programmi sr.obshobr.shkoli 1-3 klassi trexletney nachal`noy shkoli» Moskva, «Prosveshenie» 1988

Usı metodtıń tiykarında bugingi rawajlanıp kiyatırǵan mámleketimiz ulıwma bilim beriwshi mekteplerde, muzıka sabaqları pedagigikalıq texnologiya boyınsha óqıtılıp barılmaqta hám sabaqlardıń is-rejesi dúzilmekte. Pán boyınsha házir 2018 jılǵı tálim standartları tiykarında bárshe mekteplerde ótilip kiyatır. Solarǵa tiykarlanıp sabaqlıqlar baspada jariyalanbaqta hám jeti jıl dawam etiwshi muzıka sabaǵı tómendegishe jıl temaları dástúri tiykarında baspada jariyalanıp islenip shıǵılmaqta:

I-klassta jıldıń temasi "Biz muzıkani súyemız"

II- klassta "Muzıka neni súwretleydi" Atqarıwshılıq túrleri, muzıkanıń túsindiriw quralları-34saat

III- klassta "Muzıkada forma hám mazmun" -34saat

IV- klassta "Xalıq muzıka atqarıwshılıǵı"

V- klassta "Kompozitorlıq muzıka janri"

VI- klassta "Xalıq muzıkasınıń atqarıw usılları" Klassikalıq muzıka haqqında túsinik-34saat

VII- klassta "Milliy muzıka", "Maqomlar haqqında ulıwma túsinik"

Bul tematikalıq dástúrler hár bes jılda jańalanıp baradı. 2021 jıldan baslap bul máselede pedagog kadrlarımız bas qatırıp ministrlik tárepinen Milliy baǵdarlama islep shıǵarılıp engizilip atır. Bul degeni hár bir til kesiminde 50% baǵdarlama milliylik seziminde ózgerip atır. Bul kadrlar tayarlaw milliy dástúri baǵdarı talaplarına say waziypa esaplanadı.

Sonday-aq, kıl mazmunı, sherek mazmunı hám sabaq mazmunları bir-biri menen óz-ara baylanıstırılıp óqıtıladı.

Hár qıylı mámleketlerde muzıkanıń tárbiyalanıw dástúrınde háreketlerden keńnen paydalanıp kelmekte. Mısalı: Vengriyada nota boyınsha atqarıwda, basqıshlardı anıqlawda, óziniń shártli háreketlerınen paydalanıladı. Bolgariyada, notan‘ oqıp úyrenıwde ses qatarlar járdemınde oqıtadı, yaǵniy "teksheler" sisteması bolıp qálıplesıp, onda qollar járdemınen de paydalanıladı.





Shveycariyalıq pedagog-muzıkant E.Jak Dalkroz sozımlıqlardı duris sanap uyretıw ushın tek qoldıń emes, al gewdenıń de háreketler sistemasın jaratadı. Bul háreketler hár qıylı muzıkalıq háreketlerpge sáykes tiykarlanǵan mısalı-tempke, dınamikaǵa, ritmge, frazirovkaǵa, ulıwma muzıkanıń xarakterıne h.t.b.

Bul sistema oqıwshıların jas ózgesheliklerıne qaray ritmikalıq gimnastika yamasa ritmika sistemasi dep atalıp, dúńya júzine taralıp, házirgi waqıtta da keńnen paydalanilmaqta.

D.Omonullaevanıń sabaqlıǵında "Baslawısh klasslarında ritmikalıq háreketlerdi órınlaw, oqıwshılardıń fizikalıq rawajlanıwına tiykar jaratadı deydi Sonday-aq, baslawısh klass oqıwshılarınıń dawıs apparatları názik bolıp, olardıń dıqqatı, tili, dikciyası, eslwi tolıq rawajlanbaǵanlıǵı sebepli, muzıka sabaqlarında ritmikalıq háreket iskerligın tez-tez almastırıp turıw lazım" deydi.

Sabaq dawamında tómendegi háreket túrlerınen paydalanıw usınıs etiledi: marsh muzıkalarına qádem taslaw, juwiriw, oyın elementlerın órınlaw, óz betınshe

oyınlar ótkerıw, muzıkanıń xarakterıne sáykes túrli qol hám dene háreketleri menen órınlaw[5].

Balalardıń muzıkalıq qábiletlerınıń lad tiykarında garmoniyalıq rawajlanıwı ushın, ámelge asırılıp atırǵan bir qansha metodlar úlken áhmiyetke iye. Balalar dıń esitıw qábiletlerın rawajlandırıw maqsetinde usı metod házirgi dáwirde nátiyjeli qollanıp kelmekte.

Oqıwshılarga sabaqlardı elede tásirli hám qızıqarlı etıp ótıw ushın, balalar saz-áspablarınan paydalanıwı haqqında muzıka oqıtıwshısı, pedagog, metodist G.Sharapovanıń dúzgen metodıkasında jazılǵan «Ses biyikliǵıne iye hám ses biyikliǵıne iye emes» áspablar bolıp ekige bólınede. Bırınshısıne: metallofon hám ksilofon kiredi. Ekinshısıne: dáp, qasıqlar, barabanlar, shıńǵırawlar hám rumblar kiredi. Klasst' 2 toparǵa bólıp 1-topar shapatlaw hám atqarıw, 2-topar bolsa dawıs berıw usılı bum-baka-baka-bum menen ámelge asırıwi múmkin.

Sonday-aq, balalar saz-áspabinda grafikte kórsetilgen sızılmalarǵa qarap, ritmı boyınsha atqarıw, oqıwshılardıń dóretıwshılik qatnasın asıradı hám de muzıkalıq qábiletlerın hár tárepleme rawajlandıradı.

Biz bilemız, muzıka óneri adamnıń ishki sezımlerıne tásır jasay alatuǵın quralı bolıp esaplanadı.

Joqarıda bayan etilgen barlıq metodıkalıq miynetlerınıń jáne bir áhmiyetli tamanı, muzıka sabaǵında, balalardı estetikalıq tárbiyalaw máselesıne qaratılǵanlıǵı.

Muzıka pedagogları balalardıń itibarın barqulla hár qanday intonaciyanı taza hám sulıw etıp atqarıwına qaratıwı tiyis. bul oqıwshılardıń esitıw dıqqatın rawajlandırıp qoymastan, ulıwma atqarıp atırgan qosıqtı tıńlap bilıwge de tárbiyalaydı. Sebebi, ósıp kiyatırǵan jbalalardı muzıka arqalı dúńyaǵa degen kóz-qarasın qálıplestırıw hám olardıń hár tárepleme garmonıyalıq rawajlanıwı, muzıkalıq tárbiyalanıwınıń baslı waziypasına kiredi.

Búǵın muzıka mádeniyatınıń tiykarların jaslarǵa úyretıw ulıwma orta tálim mekteplerındegi korkem-óner xızmeti hám qosıq sabaqarı barısında ámelge

---

[5] Sharapova «Musiqa uqitish metodikasi» Bolalar cholg`u asboblarida jur bulish 22 bette. Toshkent 2003

asırıladı. Oqıtıwshı jaslardı, muzıka mádeniyati álemıne alıp kiirıw muzıkalıq tárbiya arqalı ótedi. Balalardıń hám jas óspirimlerdıń muzıkalıq tárbiyası pútkil xalıqtıń muzıkalıq mádeniyatınıń tiykarın quraydı.

Shaxstıń muzıkalıq talapları muzıkalıq tárbiyadan, ásırese baslawısh klasslarda balalar ushın arnalǵan joqarı kórkemlikke iye namalardıń shertilıwınen, muǵallimnıń sabaq barısında oqıwshıda muzıkaǵa bolǵan súyispenshılikti payda ete alıwınan ǵárezli. Bul bala tárepinen muzıkaǵı bolǵan ishki ruwhıy talaptıń, zárúrliktıń sanali moyınlanıwına tán alınıwına alıp keledi.

Biz bul waziypalardı órınlay otırıp, oqıtıwdıń izbe-izligi, bir pútınligi, sısıtemaliliǵı prınciplerınen kelıp shıqsaq, oqıtıw, muzıkanıń mádeniyatti qálıplestırıwge, shaxs tárbiyasına tásır etedi dep oylaymız.

Oqıtıwshı muzıka sawatınan bir oqıw jılına reje dúzip atırǵanda baǵdarlama talapların tolıq orınlawǵa háreket etiwi kerek. Eger, balalar biliminde muzıka sawatı boyınsha ótken jılǵı kemshiliklerin toltırıw zárúr bolsa, oqıtıwshı sol zárúr temalardı rejege kiritedi. Biraq muzıka sawatına berilip ketip, jámáát bolıp qosıq aytıwǵa ziyan jetpewi kerek. Eger sol jumıs boyınsha material kóbeyip ketse, sol klass baǵdarlamasındaǵı bazı temalardı kelesi jılǵa ótkeriw múmkin. Muzıka sawatınan rejege qanday da tema kiritiletuǵın bolsa, balalardıń sol temadan qanshama bilim hám kónlikpeleri barlıǵın anıqlap alıwı zárúr. Máselen, «Notalardıń bóliniwi» teması birinshi klastan ushınshı klasqa shekem ótiledi, biraq hár bir klass baǵdarlamasında bul temadan qanshama maǵlıwmat beriliwi kórsetiledi: balalar birinshi klasta yarımlıq hám shereklik notalardı, ekinshi klasta segizlik, úshınshı klassta putin hám on altılıq notalardı biliwı kerek.

Muzıka sawatı boyınsha balalar muzıka shıǵarmaları mazmunın hám xarakterin sanalı túrde túsiniwge úyreniwı, muzıka ónerinıń túsindiriw quralları, onıń elementlerı (muzıka, lad, temp hám basqalar) haqqında túsinikke iye bolıwı, nota sawatın biliwı hám notaǵa qaray qosıq aytıw kónlikpelerin payda etiwi kerek.

Jıllıq rejege qaray muzıka sawatı boyınsha ótkeriletuǵın sabaqlar, tiykarınan, qosıq sabaqlarında qollanılatuǵın materiallarǵa tiykarlanǵan boladı. Bulardan tısqarı, shınıǵıwlar ushın berilgen arnawlı nota mısallarınan paydalanıladı.

Óz nawbetinde, mektepler ushın mólsherlengen muzıka sabaqları dástúri jámáát bolıp qosıq atqarıw kónlikpeleri hám muzıka sawatın parallel túrde úyreniwin kózde tútadı[6].

## 2.4.Muzıka sabaǵın úyretiw ulıwmalıq metodikalıq tártibi

Qálegen muzıkalıq shıǵarmanıń tiykarın-nama quraydı. Bir dawıslıq muzıkalıq pikirdıń qálıplesıwıne nama dep aytamız. Eger sóz hárıplerden dúzilgen bolsa, nama seslerden dúziledi. Usı hárıplerden hár qıylı sózler quralsa, sol siyaqlı do, re, mi, fa, sol, lya, si, seslerınen hár qıylı namalar dóretedi.

Sesler uzin hám qısqa boladı, sonlıqtan olardıń sozımlıqları hár qıylı waqıt aralıǵında atqarıladı. Uzın hám qısqa seslerdıń belgili waqıt ishınde almasıwına muzıkalı ritm dep aytamız. Ritm muzıkalıq shıǵarmanıń pul`sı bolıp tabıladı.

Ritm muzıkanıń xarakterın, hátteki janrın da belgilep beredi. Máselen muzıkalıq shıǵarmanıń ritmi arqalı val`sti, tangonı, marshti, h,t,basqaların ayıra alamız.

Namada sesler bir-biri menen baylanıslı boladı. Sesler turaqlı hám turaqsız boladı. Usı turaqlı hám turaqsız seslerdin almasıwın lad dep aytamız.

Hár qıylı saz-ásbaplarınıń atqarıwında bir nama, hár qıylı bolıp esitiledi. Truba yamasa nay, gitara yamasa duwtar ásbaplarında atqarılǵan birdey namanıń xarakteri ózgeredi. Bir qosıqti bir neshe qosıqshı atqarsa hár bir qosıqshı onıń dawısınan, hawazinan ajıratıwǵa boladı. Demek, hár bir ásbaptıń yamasa atqarıwshınıń jeke dawısın, hawazin tembr dep ataymız.

-Tembr sestıń ózine tán bolıwı.

-Dawıslar, hár qıylı bálent, pás ortasha boladı.

Hesh kimge sır emes, hár qanday ilimdi iyelew ushın onıń tiykarın tereń iyelep alıw kerek.

---

6 Ortiqov Tohirjon, Romanova Sanobar Erejepovna “Muzıkanı oqıtıw metodikası” (Joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları ushın oqıw qollanba) ., Nókis.: 2017. - 250 bet.-216-217 b.b.

Biziń pikirimızshe oqıwshılarǵa muzıkalıq bilimdi tereń, tásirli, sapalı etıp túsındırıw ushın mazmunı boyınsha jaqın temalardı baylanıstırıp sabaq barısında, kompleksli usılında oqıtıp barıw maqsetke muwapıq boladı.

Bul oyındı durisliǵın ámelde qollanǵan metodın arqalı tastıyıqlaw maqsetinde, orta mektepte klassta aprobaciya sabaǵın ótkeredi.

Sabaqta oqıwshılar aktiv qatnasadı, hár bir oqıwshı berılgen tapsırmalardı ámelde qızıǵıwshılıq penen órınlawǵa háreket etedi. Ulıwma sabaq maqsetınıń órınlanıwı nátiyjesınde qanaatlandırarlı boladı yamasa bolıwı múmkin. Muzıka sabaqlarında bir neshe etaplar boyınsha óqıtıp barıw dástúrge aylanǵan. Máselen

Sabaq barısı:

1. Shólkemlestırıw-5 mınut
2. Úyge tapsırmanı soraw-10 mınut
3. Taza temanı túsındırıw-10 mınut
4. Muzıka tıńlaw-5 mınut
5. Qosıq úyrenıw-15 mınut

Bul iskerliklerdiń hár birinde de nota sawatın kiritiwge boladı sebebi nota sawatı muzıkanıń hár bir elementında bar.

Dástúriy oqıtıw metodında bul etaplardıń waqıtları temanıń, tıńlaw ushın muzıkanıń, úyrenetuǵın qosıqtıń ózgesheliklerıne baylanıslı almasıwı múmkin. Pedagogikalıq texnologiya tiykarında sabaq ótiw hám shólkemlestiriliwinde sabaq modelinde usı sabaq rejesin modullastırıp texnologiyalıq kartasın sabaq maqsetine hám balalar jasına say etip shólkemlestiriledi.

Al bizlerdıń usınıs etıp atırǵan kompleksli oqıtıw metodınıń sabaq barısındaǵı «temanı túsındırıw» etapinıń waqıtı sheklenbegen boladı. Aytayıq, muzıka mekteplerınde óqılatuǵın sol`fedjio sabaǵında hám teoriyalıq maǵlıwmatlar berıledi hám usı maǵlıwmatlardı ámelde tıńlap atqarıp jazıp qollanıwǵa ajıratılǵan waqıt sıyaqlı.

Bunday sabaq oqıtıwdıń tiykarǵı maqseti, hár bir oqıwshınıń, ásırese úlgerıwshılıgi tomen oqıwshınıń ótilgen tema boyınsha teoriyalıq maǵlıwmatti,

ámeliy yaǵniy bul jerde oyınshıq ásbapları járdemınde tıńlaw arqalı, qollanıp úyrenıwı, bilimın bekkemlew bolıp tabıladı.

Muǵallim hár bir oqıwshınıń muzıka sawatı bólimındegi temanı tolıq ózlestırıwıne dıqqat awdarıp, kelesi háptelikte ótetuǵın muzıka sabaǵında, qosıq úyrenıw bólimıne kóplew waqıt (maselen eki qosıq) ajıratıwına boladı. Muzıka sabaǵın kompleksli metod tiykarında oqıtıwdıń tártibi usınday taxliytte alıp barılıw múmkin.

Tálim standartına tiykarlanıp dástúriy sabaqtıń mazmunı boyınsha jaqın bolǵan temalardı baylanıstırıp (kompleksli) oqıtıw sabaǵınıń bir neshe jobalastırılǵan mazmunları menen tanıstıramız. Sonday-aq, hár bir sabaqtıń jańa (ózgeshe) jobalastırıw baǵdarlamasın yagniy texnalogiyalıq kartasın islep shıqqanbiz. Olardıń úlgilerın qosımsha betlerge korsetkenbiz.

M/S, Úshinshi sabaqtıń jobası.

I. Otiletuǵın tema: “Tıńlaymız úyrenemiz”.

II. Muzıka tıńlaw: «Qaraqalpaq pol`kası» S Palwanov, «Marsh» F Nazarov

Sabaqtıń maqseti: Oqıwshılar ritm marsh astında marsh qosıǵın tıńlap, qádem taslaw háreketlerin isleydi.

II. Nota sawatı: Qanday dawıslardı bilesiz? Shawqımlı hám muzıkalıq dawıslar.

Saz-ásbaplardan hám slaydlardan paydalanıp temaǵa baylanıslı maǵlıwmatlardı tolıq jetkerıp berıw. Mısallardı ámelde paydalanıp bilimlerın bekkemlew. Balalardıń esitıw qábiletın rawajlandırıp nota sawatın asırıw.

Temanı bayanlaw: Shawqımlı sesler bul tabiyǵıy sesler, zatlardıń seslerin bayanlaydı, al muzıkalıq sesler bolsa ol notalı ladlı notalar birikpesinnen túratúǵın sesge kiredi.

Sesler uzın hám qısqa boladı, sonlıqtan olardıń sozımlıqları hár qıylı bolıp atqarıladı. Uzin hám qısqa seslerdıń belgili waqıt ishınde almasıwın muzıkali ritm dep ataymız. Ritm-muzıkalıq shıǵarmanıń (pul`si) soǵıwi bolıp tabıladı. Háreketler menen baylanıslı marsh ayaq-oyın muzıkasında ritmnıń roli júdá áhmiyetli.

II. Keyingı sabaqtıń jobası. Tema Muzıkalı oyınlar

Muzıka tıńlaw: Aq terekpe kók terek X.Qayumov sózi A.Mansurov muzıkasını tıńlap, balalar xalıq oyınına say rıtmli háreketlerdi isleydi.

Jamaat bolıp qosıq atqarıw: Ayıqpalwanlar boıǵchasi T.Tashmatov muzıkası, N.Muxammad sózi.

Nota sawatı: Nota jolı.

Sabaqtıń maqseti: Oqıwshılarǵa muzıkalıq shıǵarmalar arqalı nota jolı haqqında túsinik beriw, sonıń menen birge hár bir saz-ásbaptıń nota jolların tıńlap ajiratıp úyrenıw. Balalardıń esitıw qábiletın, ishki sezımlerın rawajlandırıw.

Sabaqta nota sawatında dinamikalıq belgiler tússe bunda, muzıkada dınamika dep sestıń ózgerıw kúshıne aytamız. Dawıstıń hár qıylı bolıp ózgerıwi muzıkalıq shıǵarmanıń mazmunına baylanıslı boladı. Sonlıqtan kompozitor óz shıǵarmasında dınamikalıq ózgerıw izbe-izligın belgilep beredi.

Dınamikalıq belgiler.

f-forte kúshli atqarıw

ff-fortissimo-júdá kúshli atqarıw

rp-piano-áste atqarıw

pp-pianıssimo-júdá ásten atqarıw

<-kreshendo-áste aqırın kúsheytıw

>-demenuendo-áste aqırın páseytıw h, t, b,

Eger ótiletuǵın tema: Taktler; kúshli hám kúshsiz úlesler bolsa

**Sabaqtıń maqseti:** Taktlarda notalardıń jaylasıw tártibin túsındırıw. Kúshli hám kúshsiz úleslerdi túsındırıw. Muzıkalıq shıǵarmalarda úleslerdi ishten seziwdi sanap tıńlawdı úyretıw. Oqıwshılardı muzıka qániygesi sıpatında tayarlawǵa tiykar jasaw

Ádette nama kúshli úles penen baslanadı hám kúshli úles penen juwmaqlanadı. Úleslerdıń belgili waqıt ishınde almasıwı (namanıń yamasa) shıǵarmanıń tezligın kórsete aladı. Sonday-aq bir takt ishınde neshe úles bolatuǵıni muzıkanıń ólshemıne baylanıslı boladı. Ólshemler haqqında endigi sabaqlarda tanısasiz.

Sozımlilıqlar, pawzalar haqqında nota sawatı baǵdarlamada berilgen bolsa,

**Sabaqtıń maqseti:** Oqıwshılarǵa muzıkanıń usıllarına kiretuǵın toqtalıw (pauza) haqqında bilim berıw. Muzıkada irkilıwlerdıń áhmiyetliliǵın túsındırıw. Doretıwshılerdıń muzıkalıq shıǵarmalarda pikirlerın jetkerıp berıwde pawzalardıń tutqan ornı, rolın anıqlap berıw. Balalardıń pawzalardı ózlestırıwi ishten sanawdı úyretedi.

I. Tema: Pauzalar dep muzıkadaǵı irkilis dúzilisıne aytiladı. Notalar qanday sozımlıqlarda bolsa, pawzalar da sonday sozımlıqta boladı. Pawzalardı jazılıwına qaray ayırıwǵa boladı.

Muzıkada sesler uzın hám qısqa boladı. Hár bir notanıń ózinıń atqarılıw waqıtı boladı. Bul atqarıwlıq sanaq arqalı ámelge asıramız. Demek notalardıń ózine tiyisli sozımlıqları qálıplesken.

Házirgi waqıtta dáwir talabınıń tiykarǵı maqsetlerınıń biri hár tárepleme rawajlanǵan kámil insandı shaxstı tárbiyalaw bolıp esaplanadı. Sonlıqtan ásırese, ulıwma bilim beretuǵın mekteplerde sabaqlardı aldınǵı texnologiya tiykarında oqıtıp barıw, aktual wazıypalarınıń biri bolıp tabıladı.

Hámmege ayan hár qıylı pedagogikalıq texnalogiyalardı hár qıylı sabaqlarda spetsifikasına sáykes qollanıwǵa boladı. Solay eken iskerlik oyını metodın muzıka sabaǵında mısal retınde qollanamız.

**Sabaqtıń temasi: Muzıka arqalı estetikalıq rawajlandırıw**

I-etap sabaqtıń maqseti. Oqıwshılardıń bilimlerın, ziyrekliǵın, talantliǵın, tapqirliǵın, aqilliǵın, aktivliǵın, sınaw. Olardıń pánge, ulıwma kórkem-ónerge degen qızıǵıwshılıǵın baqlaw. Dúńyaǵa degen kóz-qarasın qálıplestırıw. Oqıwshılarǵa sabaqtıń maqsetin túsındırıp klassti 5 oqıwshıdan 3 toparǵa bólıw. Tóreshılerdi tájiriybeli hám muzıka páni oqıtıwshılardan dúziw.

II-etap sabaqtıń mazmunı.

Muzıkalıq oyınnıń barısı 4 basqıshta ótedi.

1. Notalardıń ati menen rebuslardı sheshıw-bul basqıshtıń makseti keyingi baskishlarǵa kirisıw sıpatında bolıp ballardıń bir-birıne maslasıwın

Muzıkanıń doretıw usıllarınıń tiykarın notalar quraydı. Notalardıń siziqshalarda jaylasıw ornın hám olardıń atamaların tereń úyrenıp alıw maqsetinde

plakatqa siziqshalardaǵı hár bir notanıń atamalarına baylanıslı tolıq emes sózlerdi jazıp qoyamız. Oyınshılar sózlerdıń kemıs bolǵan buwınların anıqlap doska yamasa plakatqa jazıp kórsetıwı kerek.

2. «Muzıka hám úzliksiz háreket»

Adamnıń ishki sezımleri estetikalıq tárbiyasına qaray hám rawajlanıwına baylanıslı ózgerıwi múmkin. Hár bir adam muzıkani tıńlap, kóz-aldına qandayda bir obrazdı elesletedi.

Bul basqıshtıń maqseti ballardıń ishki sezımlerın obrazlıq (konkret) háreketler arqalı rawajlandırıw, yaǵniy muǵallim saz-asbapta qandayda bir muzıkanı atqaradı, ol atqarıwshılar atkarǵan hár bir muzıkanıń obrazların eleslep, hareketler arqalı korsetıp berıw kerek. (quslarǵa haywanlarǵa tiyisli háreketler ayaq-oyın muzıkasına tiyisli háreketler h.t.b.) Bul háreketlerde de nota sawatına itibar beriwin hám obrazlı etip atqarılıw sebepin de sol nota sawatın áhmiyetin kórsetip beriw kerek. Oqıwshılar bul ámel arqalı nota sawatın ózende sińdirip baradı.

3. «Bul muzika maǵan qanday súwret salıwǵa járdem berdi».

Bul basqıshtıń maqseti: oqıwshılardıń ishki sezımlerın muzıkanıń hám súwretlew óneri arqalı elede keńirek, tereń rawajlandırıw.

Muzıkani tıńlap súwret salıw ushın hár bir adamnıń ózine tán estetikalıq qatnasları qálıplesken boladı. Muzıka arqalı esitıw qábiletın, al súwret salıw arqalı kóriw qábiletın rawajlandırıp, olardıń dúńya tanıw qábiletın, sezımlerın, estetikalıq talǵamın ósıremız. Oqıwshılarǵa muzıkalıq shıǵarmanı jazıwı arqalı yamasa sáz-ásbap arqalı atqarıp tıńlattıramız. Hár bir oqıwshı qaǵazǵa túrli reńli qálemler menen súwret saladı.

Nota sawatına kelsek sol nota bóleklerin sozımlıǵın suwretler arqalı bayan etedi. Máselen nota sozımlıǵına kelsek qawınnıń suwretin putin salıw yamasa diametrikalıq aylananı tolıq sızıw-bul putin ton, yarım aylana salıw bolsa-yarımlıq nota sozımlıǵın bildiredi, shereklik aylana sızılsa shereklik nota sozımlıǵı hám t.b.

Pedagogikalıq kóz-qarastan názer salatuǵın bolsaq, oqıwshınıń jetiskenlikleri joqarı dárejede bolmasada, balanıń úqıplıkların joqarı bahalap, marapatlap hámde óz kúshıne isenimdi oyatıw kerek.

Joqarıda tiykarǵı pedagogikalıq texnalogiyalarınıń bir-birıne teoriyalıq kategoriyalıq analiz jasap shıqtiq. Sonıń ishınde, aktiv oqıtıw metodlarınıń biri diskussiya bolıp tabıladı. Diskussiya metodı «miydıń hújimi» hámde iskerlik oyıni metodlarınıń elementlerınen dúzilıwı múmkin.

Sabaqlarda ásırese «domalaq stol» diskussiyasınıń elementleri kóp paydalanadı. Balalar diskussiya arqalı nota sawatın tez ózlestiredi.

Mıne usı diskussiya metodın muzıka sabaǵında oqıtıp baramız.

**Shólkemlestırıwshı basqısh.** Bul diskussiya sabaǵınıń temasi «Ádebiyat hám muzıka arasındaǵı baylanıslar» boyınsha oqıwshılarǵa termınlerdi túsındırıp ótemız. Demek, vokaliz, vokal ansambli, xalıq dóretpelerınıń tiykarları opera hám balet libretto haqqında basnya janri muzıkalıq drama haqkinda túsındırıp ótıw tiyis.

Sonıń menen bir qatarda adebiy shıǵarmalarda, muzıkalıq shıǵarmalardıń atqarıwına yamasa kitap betınde qosıqlardıń atqarılıwına itibar qaratıw tiyis. Oqıwshı ótkerılgen diskussiya sabaǵın talıqlaydı, nátiyjelerdi aytıp ótedi. Diskussiyanıń maqseti menen juwmaqlawshı korsetkishlerdi salıstıradı.

Muzıka hám ádebiyatqa bunday tereń jantasıwdıń maqseti, ballarǵa jumısti hár tárepleme qabillawǵa hám dúńǵa degen kóz-qarasın qálıplestırıwde járdem beredi.

Demek ádebiyat bolmasa muzıka ónerındegi barlıq vokal shıǵarmaları, balalar ushın jazilǵan qosıqtan baslap kóp bólimli kontatalar, operalar hám baletlerde joǵalıp ketken bolar edi. Sonday-aq qosıqlardıń namalarınan paydalanıp jazilǵan barlıq simfonıyalıq instrumentallıq muzıkalarda joǵalıp ketken bolar edi.

Komp`yuter texnologiyası. Komp`yuter baǵdarlamaları tiykarında alıp barılatuǵın sabaqlarda balaǵa bilimlerdi sapalı etıp jetkizemız. Sebebi ol esitedi hám kóredi hám tapsırmalardı órınlaw ushın kompyuterdi ózi basqaradı. Nátiyjede balada qızıǵıwshılıq oyanadı hám sabaqqa degen qatnası aktivlesip baradı.

Máselen, basqa pánler boyınsha baǵdarlamalar sıyaqlı muzıka sabaǵında da scenarii boyınsha baǵdarlamalar duziledi. Sonday-aq, mazmunınıń elementlerın bir personaj biriktırıp alıp baradı. 1) Máselen, mınanday jaǵday payda boladı. Jolbaris tuwilǵan kúnıne toǵay haywanların mirát etedi.

Robik hár bir haywannıń xarakterlerıne say muzıkalıq úzindini tıńlaǵan balaǵa-«Bul muzıka qaysi haywandı (ayıw, qasqır, qoyan, tiyin, túlki h,t,b,) súwretleydi!»-degen sorawlardı beredi, al balalar juwabin tawip knopkani basadi.

2) Mirát etilgen haywanlar tuwılǵan kúnge saz ásbapları menen kelgen. Ballarǵa-«qaǵıp atqaratuǵın (baraban) ásbapti tabiń!»-degen tapsırma beredi. Bala ásbapti atap soń klavishtı basıwı kerek. Eger ol ásbapti duris tapsa, onda baraban áspabinıń konturi reńge boyaladı. Endigi soraw «Qaysı ásbaptı úplep shertıwge boladı?» Bala nay dep ásbapti ataydi, soń tiyisli klavishti basıwı kerek. «Qaysı ásbap shıńǵırlaydı?» (qońıraw) hám «Qaysı ásbapta shertıp atqarıwǵa boladı?» (garmoshka)-sorawlarına da usı táqlitte juwaplar alıwımız kerek.

3) Bilimlerın bekkemlew maqsetinde usı ásbaplardıń hawazın, dawısın tıńlap, bala atqarıp atırǵan ásbaptı tabıw kerek.

4) Endigi baǵdarlama; hár qıylı qubılıslardı, kórınıslerdi, hawazi, tembri menen tárıpleytuǵın ásbapti tańlaw, ekranda hár qıylı kartınalar payda boladı.

Máselen, gúldırmama-baraban.

Jawın-shashım qońıraw.

Tábiyat kórınısi-(peizaj «báhár máwsimi»)-nay.

«Yarmarka» kórınısi-garmoshka.

5) Tuwilǵan kúnge kelgen haywanlar áspabların shertıp, muzıka menen oyın oynawı (Pol`ka).

Oqıtıwshı oqıwshılardıń har qaysısına baha berıp, sabaqtıń nátiyjesi tuwralı ballar menen birge pikir alisadi.

Sabaqti juwmaqlaw.

Bólek oyınlardan hám elementlerden oyın texnologiyaların islep shıǵıw hár bir mektep oqıtıwshısınıń waziypasına kiredi.

Ámelde 6-7-8 jasar balalardı tekserıp kórgende olardıń muzıkalıq úqıplılıqların ulıwma joq dep aytalmaymız. Muzıka muǵallimleri muzıkalıq seslerın esitıw qábileti tómen balalardan nátiyje shıqpaydi degen qararǵa kelmey, al bunday balalar menen kóplew waqıt dawamında shuǵıllanıp, olarǵa múmkinshılik jaratıw hár bir muzıka muǵallimnıń waziypası bolıp tabıladı.

Sebebi, bala organizmınıń ósıwı hám rawajlanıwı, psixikalıq jaqtan jetilisıwı, túrli jas dáwirlerınde hár qıylı boladı.

Al orta klass oyıwshılarınıń jasına qaray olardıń óz ishki dúńyasınıń qálıplesıwı seziledi. Baslawısh klass balalarında obrazǵa ańsat dóretıwshılik iykemlesıw, joqarı emociallik talap kúshli boladı. Olar hár qıylı oyınlarǵa qiziǵıwshılıq penen hám ózbetınshe kirısıp ketse, al orta klass ballarında toparlıq oyınlarǵa qiziǵıwshılıǵı seziledi hám sonıń menen birge olarda oylaw, eleklew, fontaziya úqibı joqarı dárejede boladı.

Muzıkalıq ózgesheliklerın hár qıylı texnologiyalar arqalı orta klasslarda qollanǵanbız. Tiykarınan bul muzıka sabaqlardı oqıtıw jolları baslawısh klasslardaǵı oqıtıw bagdarlamasınıń dawamı sıpatında dúzıp shıqtıq. Bıraq orta klasslardıń is baǵdarlamasınıń mazmunı ózgeshe hám quramalı bolıp esaplanadı.

Birınshı sabaqtıń jobası

I. Ótiletuǵın tema: Ólshem

II. Muzıka tıńlaw: Marsh chernomora

M.Glınkanıń “Ruslan hám Lyudmila” operasınan

A.Motsart “Tureckiy marsh”

P.Chaykovskiydıń “Detskiy al`bom” p`esalarınan “Neoplitanlıq qosıǵı” “Pol`ka” “Val`s”

III. Qosıq úyrenıw. Aral haqqında qosıq S.Saytov, K.Raxmanov

**Sabaqtıń maqseti:** Oqıwshılarǵa ólshem haqqında tereń bilim berıw. Muzıkalıq shıǵramalardıń ólshemlerın úlesler arqalı, tıńlap anıqlap úyretıw. Joqarıda aytıp ótkenimızden takt ishındegi kúshli hám kúshsiz úleslerdıń sani hám sozımlıqlarına qaray ólshemlerdıń túrliǵın anıqlawǵa boladı. Demek, kúshli, kúshsiz úlesler, taktlar túsiniklerdi aldın ala ózlestırıp sońınan ólshemlerdi anıqlap

oqıtıw órınlı boladı. Ólshemlerdıń belgilewın, sanalıwın, qaysısı ólshemde neshe úles bar ekenliğın mısallarda kórsetıp úyretıw.

Ekinshı sabaqtıń jobası:

I. Ótiletuğın tema: Tezlikler, Garmonıya

II. Muzıka tıńlaw: Klassikalıq, xalıq, estrada janrındağı muzıkalar.

*Sabaqtıń maqseti*: Oqıwshılarğa tezlikler hám garmonıya haqqında túsinik berıw. Tezliklerdıń, garmonıyanıń muzıkalıq shığarmanıń obrazina xarakterıne tikkeley baylanısınıń mazmunın ashıp berıw. Tezlikler menen garmonıyanıń óz-ara baylanısın anıqlap berıw. Muzıkalıq shığarmanıń tiykarğı mánısi súwretlewde tezliktıń hám garmonıyanıń rolın túsındırıw.

I. Tema: Tezlik-temp bul metrlik úleslerdıń almasıwı (pul`saciyası). Ol arqalı muzıkalıq háreketınıń tezliğın anıqlawğa boladı. Muzıkalıq tezlikler tiykarınan úshke bólınedi: tez, ortasha, áste aqırın. Muzıkalıq shığarmalarda tiykarğı namanıń seslerınen basqa qosımsha sesler birgelikte atqarıladı. Belgili akkodlar gruppasına kiretuğın seslerdıń birgelikte atqarılıwına-garmonıya deymız. Akkord degenimız úsh sesliktıń tiykarınan terciya intervali quramındağı dúzilisıne aytamız. Bul akkordlar major hám mınor tonlıqların anıqlawshı bolıp sonday-aq, qulaqqa jağımli (konsonans) seslerden dúzilgen akkordlar hám qulaqqa jağımsz (dissonans) seslerden dúzilgen akkordlarda qálıplesken. Demek, akkordtıń (qosımsha) seslerınıń quramına, dúzilisıne garmonıyasına baylanıslı tiykargi namanıń qayğıli, qáhárli yaki kerısınshe jumsaq hám názik xarakterlerde sáwlelendırıw múmkinshılıiğne iye. Bul xarakterlerdıń mazmunın, obrazin tezlikler arqalı elede tereń tásırli etıp jetkerıwge boladı. Onıń ushın shığarmanıń garmonıyasına baylanıslı tiyisli tezlik qollanıwımız kerek.

II. Muzıka tıńlaw. Klassikalıq; xalıq; estrada janrındağı muzıkalar.

*Klaster metodı* tiykarındağı sabaq jobası:

I. Ótiletuğın tema: Duwtar saz ásbapı

II. Muzıka tıńlaw: “Muhálles” sazi , “Miń túmen”, “Qalxali”

*Sabaqtıń maqseti*: Muzıka sabağında dúńya-júzlik klassikalıq namalardı tanıstırıw menen bir qatarda, ózımızdıń milliy miyrasimız, milliy mádeniyatimızdi,

kórkem-ónerimızdi, sonday-aq, ata-babamızdan jetıp kelgen saz-áspab duwtar haqqında bilim berıw bolıp waziypamız bolıp tabıladı. Oqıwshılarǵa saz-áspab tuwralı sóz etıp sonıń menen bir qatarda awiz-eki dástúrli xalıq nama qosıqların hám tariyxımızdı tanıstıramız. Duwtar saz-ásbapı tuwralı bilimlerın bekkemlew ushın baylanıstırıw metodı qollananamız.

*Sabaqtıń mazmunı*: taxtaǵa yamasa úlken betke, plaktatqa tiykarǵı sózdi jazamız.

Tiykarǵı sáz "Duwtar"

Oqıwshılar usı temaga tiyisli bolǵan sózlerdi hám gáplerdi jazılıwı kerek.

Klaster dúziwdıń tiykargi qaǵıydaların oqıwshılarǵa túsındıremız.

1. Yadıńizǵa ne kelse, barliǵın jaziń. Bul pikirlerdıń sapasın oylap otırmay, olardı qurı jazıw kerek.

2. Ajıratılǵan waqıt tamam bolǵanınsha jazıwdı toqtatpań.

3. Qoldan kelgenshe kóplew baylanıstı dúziń.

4. Túsinikler hám ideyalar arasında tuwrı keletuǵın baylanıstı ornatıń.

5. Qoldan kelgenshe ideyalar variantların jazıwǵa háreket etıń.

I. *Muzıka tıńlaw*: xalıq sazları «Muhálles», "Miń túmen", "Qalhali"

II. *Qosıq úyrenıw*: "Duwtarim menıń" H.Turdıqulov namasi , O.Xojaniyazov sózi

Muzıka sabaǵın náwbettegi iskerlik oyın texnologiyası tiykarında oqıtıp baramız.

«Simfonıyalıq, xalıq sazları hám estradalıq orkestrler quramındaǵı saz-áspablar» temasında bolsa,

*Sabaqtıń maqseti*: Oqıwshılardıń burın algan bilimlerın bekkemlew, jetkilikli bolmaǵan dereklerdi tolıqtırıw. Olarǵa kóp bólimli shıǵarmalardı (sonata, kontata, aratoriya, simfonıya, opera h.t.b.) tıńlattırıw arqalı xarakterın, obrazin mazmunın tereń túsınıwge tiykar jaratıw.

*Sabaqti qurallandırıw*. Qosıq nama sabaqliǵı; saz-áspab; magnitafon yamasa proigrivatel`; kartochkalar; vatman; flomasterler; kartınalar.

*Sabaqtıń túri*: toparlıq qatnasıqlar (interaktiv metod) oyın usılında.

*Shólkemlestırıw*: Oqıwshılarǵa sabaqtıń maqsetin túsındırıp, klassti 5 oqıwshıdan 4 toparǵa bólıw. Tóreshlerdi saylaw (metodıst, zavuch, oqıtıwshı, oqıwshıar).

*Sabaqtıń mazmunı*: Anıq tájriybe I-etap oyınshılardıń bilimlerınıń aktualliǵın anıqlaw menen juwmaqlanadı: hár bir mını topar berılgen sorawǵa juwap qaytaradı, basqa mını topar qatnasıwshıları tolıqtıradı. Tóreshler tamanınan juwaplar hám qosımsha maǵlıwmatlar-juwaplardıń durisliǵı, sapaliǵı, oriǵınalliǵı-juwaplarǵa tiykar berıp bilıwı, juwapti tayarlawdaǵı tezlikleri menen bahalanadı.

Bul jaristıń aktivlik ortalıǵın payda etıp, oyınshılardıń tiykarǵı temaǵa kirisıwın hám sabaqqa qızıǵıwın támiynleydi. Solay etıp, usı birınshı etaptıń ózinde-aq «awa» yamasa «yaq», «jeńiw» yamasa «jeńilıw» degen soraw tuwıladı, bunday jaǵday oyındi elede qizǵın xalatın payda etedi. Saz-áspablarda toparına qaray anıqlaw hám sıpatlama berıw.

1. a) Simfonıyalıq orkestr quramındaǵı tarlı áspablar

b) Xalıq sazları orkestr quramındaǵı qaǵıp shertiletuǵın áspablar

2. a) Estradalıq orkestr quramındaǵı qaǵıp shertiletuǵın áspablar

b) Xalıq sazları orkestr quramındaǵı tarlı áspablar

3. a) Simfonıyalıq orkestr quramındaǵı mıslı demli áspablar

b) Estradalıq orkestr quramındaǵı qaǵıp shertiletuǵın áspablar

4. a) Xalıq sazları orkestr quramındaǵı demli áspablar

b) Simfonıyalıq orkestr quramındaǵı qaǵıp shertiletuǵın áspablar

**1.** *Baqlaw etapi.* Plakatqa saz-áspablardıń atamaların jazıp qıstırıp qoymız yamasa qaǵaz betıne jazıp hár toparǵa tarqatamız.

Oqıwshılar berılgen hár bir saz-áspabtıń tuwrısına tolıq sıpatlamasın (dúzilisi, islengen materiali, tembri, hár qıylı qubılıslardı, sezımlerdi súwretlew múmkinshıligi, muzıkada tutqan orni h.t.b.) jazılıwı kerek.

*2. Muzıka hám saz-áspablar.* Muzıkalıq saz-áspablar hár qıylı tembrdegi seslerge iye. Dawıs sesleri tiykarınan adamnıń ahwalın, sezımlerın, táshıwıshlerın jetkerıwde xızmet etedi, al saz-áspablardıń sesleri, adam dawısınıń dawamı esapanıp, hár qıylı sezımlerdi, obrazlardıelede tereń etıp súwretley aladı, sonıń

menen bir qatarda tábiyat qubılısların, qanday-da bir waqiyalardı sheberlik penen jetkerıp bere aladı.

Oqıwshılar, tábiyat kórınıslerınıń hám basqada kartınadaǵı kórınısler menen tanısıp, usı kartınadaǵı kórınıslerdi saz-áspablar arqalı tárıplep beriń degen tapsırma aladı. Komandalar bir-birın talıqlaydı hám sabaqqa qızıǵıw payda boladı.

*3. «Saz-ásbaptı tabıw».* Hár bir komandaǵa saz-áspabtıń atı kórsetilgen kartochkalar berıledi. Olar usı áspabqa tiyisli maǵlıwmatlardı jazıp shıǵadi. Bir komanda óziniń jazǵan maǵlıwmatların oqiydi, ekinshı komanda usı maǵlıwmatlar arqalı saz-ásbaptı tabıwı kerek.

**II-etap Sabaqqa juwmaq jasaw**. Tóreshler-I-etap-5 ball 1-10 ball 2-10 ball, 3-5 ball sistemasında bahalanǵan juwmaqlawshı balların daǵazalaydı. Muǵallim oyın processın analizleydi, hár bir oqıwshınıń mınez-qulıqına, aktivligíne baha berıp jaristi juwmaqlaydı.

Tóreshler óz-ara másláhát ótkerıw waqtında komandalarǵa dúzgen krossvordti sheshıw ushın berıwge boladı.

Joqarıda bayan etilgen usınday pedagogikalıq texnologiyalar bilimlendırıwdıń bir pútınligın jaratıp óqıw processınıń belgili bir bólegın óz ishıne qamtiydi. Bul oyın sıpatındaǵı pedagogikalıq texnologiyanı oqıwshılardıń pikirlewine say hám jasına say etip ápiwayılastırıp yamasa quramalılastırıp berilip barıwı olardıń shaqqanlıǵı, keleshektegi pán olimpiyadalarda, konkurslarda qatnasıwına kómek boladı hám sabaq barısı qızıqarlı bolıp ótedi. Bul jumıslar hár qıylı mazmundaǵı oqıtıw processınıń maqsetine sáykes alıp barıladı, bul óqıw processınıń aktivligın támiynlew menen birge oqıwshılarǵa óqıw elementlerın sapalı ózlestırıwge járdem beredi hám sabaqqa qızıǵıwın támiynleydi.

## Juwmaqlaw

Mámleketimiz ulıwma bilim beriwshi mektepler muzıka sabaǵına qoyılatúǵın bas maqset oqıwshılardı dóretıwshılıgi, óz betınshe pikirley alıw múmkinshiligi, erkin pikirlewi, dawıs rawajlanǵanlıǵı, atqarıw mádeniyatı, atqarıw texnikaları múmkinshılıklerıne say kelıwı texnikaların qálıplestırıwi, oqıwshılarǵa tálim hám tárbiya berıw maqseti bolǵanlıǵı ushın da oqıwshılar pikirlew, atqarıw usılların qálıplestırıwge xızmet etıwshı  nátiyjeli metodları hám didaktikalıq qurallarınan órınlı paydalanıw maqsetke muapıq.

Bul processtınń nátiyjesi hár bir sabaqta oqıwshı, oqıtıwshı, oqıw quralları ózara múnásebetlerınıń qalay shólkemlestırıwge baylanıslı. Mektepte muzıka pánin oqıtıwdıń keytıngi nátiyjelerıne qaray muzıka sabaǵın oqıtıwdıń ámeliy baǵdarın jańalaw arqalı ámelge asırıladı.

Oqıwshılar óz-betınshe hám dóretıwshı pikir juritıw procesınde dawısına qosıq aytıw ózgeshelikleri, dawıs múmkinshılıklerıne suyenıp, óz pikir alısıw túsiniklerın eń dáslep nota sawatına qaray háreket etedi. Sonday-aq, muzıka sawatın oqıwshılarǵa úyretiw dawamında olardıń qabıl etiwin sabaqqa aktivliǵın asırıwda, oqıtıwshınıń pedagogikalıq texnologiyasına baylanıslı.

Muzıka sabaqları natiyje berıwshı dárejesi oqıwshılardıń muzıka bilimlerın, atqarıw qábiliyetlerın qay dárejede ózlestırgenliǵın, óz pikirlewlerın dóretıwshılik arqalı kórsete bilıw tájiriybesi, atqarıw kónlikpelerın qalay úyrenıp tájiriybege iye bolǵanlıqların qay dárejede ekenlikleri menen belgilenedi.

Muzıka oqıtıwdıń prıncıpleri de metodları da balalarǵa dóretıwshılik, erkin pikirlew, muzıkalıq kompetetlik nátiyjesıne xızmet etıwı hám sabaqqa qızıǵıwın támiynlew kerek.

Pedagogikalıq sheberlikti iske salıp sabaqta nota sawatın bekem úyretip barılıwı oqıwshılarda tómendegi aktiv dárejeni asıradı:

-Muzıka sabaqların shólkemlestırıw hám ótkerıwde oqıwshılardıń doretıwshılik kónlikpeların qálıplestırıwge xızmet etıwshı bárshe qurallarınan, sonday-aq, notalar menen islesıw, tapsırmalardı bayanlaw hám dóretıwshılığın anıqlaw, kórkem qosıqlardan, sonday-aq reń suwret kásıpleri dóretıwshılığınen de paydalanıw hám de fideo-audio, texnikalıq qurallardan paydalanıw maqsetke say;

-Sabaq processınde induktiv hám aralas metodlar órınlı qollanılsa, ulıwma úqsaslıq, hádiyse, sebep múnásebetlerın ayırmashılığın anıqlaw tiykarında dóretpe múmkinshılıklerın jaratıwǵa erisıwı múmkin;

-Nota sawatın oqıwshılarǵa pedagogikalıq texnologiya arqalı (oqıtıwshılıq sheberligi) jetkere bilse oqıwshınıń muzıka tálimine qızıǵıwshılıǵı asadı, bimálel notanı oqıy aladı, ishki belgisiz sorawlar bolmaydı hám sabaq nátiyjesi asıp baradı.

Muzıka dawısların ózinde iyelik etken nota dawısları, al`teraciya belgileri, janrları, atqarılıw jolları sonday-aq, qosıqlardıń mánıs mazmunın sawlalandırıwshı belgiler hám muzıka sawatı, ádebiyatı, muzıkanıń pútkil komponenti arqalı hár bir muzıka sabaǵında, sonday-aq, úy waziypaların órınlaw processında keń paydalanıwdı usınıwshı tapsırmalar berıwge ayrıqsha itibar qaratıwı kerek. Bul arqalı oqıwshınıń muzıkalıq sawatın jaqsılaw, muzıkanı túsınıw seze alıw, atqarıw qábiliyetlerın óstırıw erkin pikirlew hám de izlenıwge úyretıw jaqsı nátiyje beredi.

Sabaq processınde eger zárurlik tuwılsa, baǵdarlaw hám xoshametlew ushın, fasilitator sıpatında, qaǵıydalar hám pikirler tuwralı oqıwshılarǵa esletıp turıw kerek. Muzıka sabaǵı, tálim tárbiya barısında oqıtıwshı balalarǵa sabaq nátiyjeli bolıp ótiwi ushın maqset hám de waziypalar qoyadı. Muzıka sabaǵında mektep balalarına muzıka tálimin oqıtqanda ritmikalǵa itibar berip notalardı ólsheli túrde qosıq ritmına túsip onıń nátiyjeliligin asırıwshı jolların izlep tabıwı kerek boladı.

Sabaqta pedagogikalıq texnologiyanı qollaw, qosıqtı sanaw arqalı ritmge bolip qosılıw, olardıń pikirlerin esitiw, ózlerinshe ritmlarına itibar qaratıw, baqlaw, waqıttı tejew, olardı zeriktirmew, qosıq mazmunın aytıp beriw, hár bir balanı

qasına kelip jeke individual jantasıw, oqıwshılardı dıqqat itibarın tartıwshı innovatsiyalıq usıllardan paydalanıw maqsetke muapıq.

Oqıwshınıń dıqqatın namanıń texnikalıq qıyın jerlerine qaratıp, birgelikte talqılap ondaǵı belgilerdi dúris aytıwǵa hám sozımlılıqlarına itibar berdirip birgelikte atqarıladı. Namanıń xarakteri ideyası sol dinamikalıq belgiler arqalı ozgeretúǵınlıǵın balalarǵa túsindirip barıladı.

Nota bayanatın sawatlı shertiliwin, ólshem, metr dinamika al`teraciya belgileri, ritm, lad hám basqa teoriyalıq bilimleriniń ámelde qollanılıwın baqlaw, jol kórsetip barıw.

Endi jay, aqırın tezlikte shıǵarmanıń belgili bir bólimin atqarıw barısında sesler arasındaǵı baylanıs, barmaqlar jaylasıwı, saz ásbaptı uslaw, qaǵıydaların baqlap oqıwshınıń erkin, durıs ótırıwın  kózden ótkerip, usı baǵdarda namanı taktlerge bólip úyrenemiz.

Ótilip atırǵan shıǵarmanı talqılaw, tómendegi etaplarda alıp barıladı. Bular sabaqtıń mazmunlı hám qızıqlı bolıwına járdem beredi. Bunda,

1. Namanıń bólimlerinen, fraza, taktlerge shekem maydalap bóliw;

2. Lad, tonlıǵın anıqlaw;

3. Shıǵarmanıń kulminaciyasın anıqlaw;

4. Seslerdiń sulıwlıǵın, kórkemliligin qollana biliw (forshlag, tremolo, glissando h.t.b mellizmlerdi shertip úyreniw).

Sonday-aq, ulıwma bilim beriw mektelerine Prezidentimiz tárepinen belgilengen talaplar qoyıldı. 2022 jıl 2-fevraldaǵı 112-qararda hár bir pitkeriwshi bir yamasa bir neshe muzıka asbapın atqara biliw sheberligine iye bolıwı shárt degen birinshi punktdaǵı talapları muzıka mádeniyatı sabaǵına bolǵan itibarlılıqtı kórsetedi. Sebebi muzıka insan tarbiyasında úlken ahmiyetke iye bolǵan úllı materiallıq emes morallıq bolǵan baylıq. Muzıka asbapında atqarıw ushında oqıwshılarda nota sawatın talap etedi.

Notanı oqıw barısında onıń mazmunın, xarakterin birden ilip alıp, onı tıńlawshıǵa jaǵımlı, tásirli etip jetkeriw kerek. Oqıwshı notadan qarap «oqıw» barısında kóz benen kórgen qaǵazdaǵı tásirlerdi birden qozǵalıs háreketine endiriwi

tiykarǵı wazıypa. Sonıń ushın esitiw hám kóriw qábiletiniń tezligi úlken áhmiyetke iye. Usı taqlette nama tolıq úyrenilip shıǵıladı.

Muzıkalıq shıǵarmanıń dúzilisi onıń mazmunınan kelip shıǵadı. Shıǵarma qurılısında obrazlar, minezler, kewil sezimleri anıqlanadı hám sabaqtaǵı búl waziypalar hám múmkinshilikler muzıka pánine bolǵan qızıǵıwshılıq alıp keledi. Bul bolsa sabaqtı kewil menen ótip hám tálim-tárbiya alıwına járdem beredi, bunıń hámmesi nota sawatlılıǵın jaqsı ózlestirilgenligine baylanıslı.

**Paydalanilǵan ádebiyatlar dizimi:**


1.Ўзбекистон Республикаси Конституцяси. –“Ўзбекистон” нашриёти, 2012. -40 б.

2.Ўзбекистон Республикасининг “Таълим тўғрисида”ги ва “Кадрлар тайёрлаш миллий Дастури тўғрисида”ги Қонунлари // Баркамол авлод - Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори.-Т.: Шарқ матбаа - нашриёти, 1997

3.Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Харакатлар Стратегияси тўғрисида”ги 07.02.2017 йил. №ПФ-4947-сонли Фармони.

4.Ўзбекистон Республикаси Президентининг қарори, 02.02.2022 йилдаги ПҚ-112.

5.Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халкимиз билан бирга қурамиз. - Тошкент: “Ўзбекистон”, 2017. -491 б.

6.Мирзиёев Ш.М.Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови // Ўзбекистон Республикасининг Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси / http://uza.uz/oz/politics/onun-ustuvorligi-va-inson-manfaatlarini-taminlash-yurt-tara--07-12-2016

7.Karimov.I.A. Yuksak mánaviyat engilmas kuch. T-2008y. 228b.

8.Karimov.I.A. Milliy istiqlol ǵoyasi: Asosiy tushuncha va tamoyillar. T.: Ózbekiston, 2000 y. 14b

9.Karimov.I.A. “Ózbekiston mustaqillikka erishish ostonasida”.-T.: Ózbekiston, 2011y

10.Karimov.I.A. “Ona yurtimiz baxtu istiqloli va buyuk kelajagi yolida xizmat qilish-eng oily saodatdir.-T.: Ózbekiston, 2015y

11.Karimova. D. Musiqiy pedagogik mahorat asoslari. T. İqtisod moliya. 2008.

12.Azizxodjaeva.N.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. Oquv qollanma.-T.: 2006, 160b.

13.Golish.L.V., Fayzullaeva.D.M. Pedagogik texnologiyalarni loyihalashtirish va rejalashtirish.-T.: 2010 146 b. 5-6 bb.

14.Didaktika. -1997 yil. «Fan» nashriyoti. Buxoro 254b

15.İshmuxammedov R.J.. İnnovatsion texnalogiyalar. Istedot -2008.

16.İshmuxammedov R.J.. İnnovatsion texnalogiyalar yordamida ta`lim samaradorligini oshirish yollari. T.Nizomiy nomidagi TDPU. -2004 yil.

17.Ibrohimov O. Musiqa darsliklari. 4-7-sinf 2001., 2006.

18.Kabalevskiy.D.B. Programmi sr. obsheobrazovanniy shkoli. Muzika 4-7 klassi Moskva, «Prosveshenie» 1988.

19.Kabalevskiy D.B. «Programmi sr.obshobr.shkoli 1-3 klassi trexletney nachal`noy shkoli» Moskva, «Prosveshenie» 1988

20.Mansurov A., Karimova D. 5-sinf T., -2006 Musiqa madaniyati. Maktab dasturi. 2001., 2017

21.Nurmatov H., va boshqalar. Musiqa darsliklari. 1-3 sinflar T.: -2003., 2017

22. Rahimov H. O’zbekiston vatanim manim. 2-kitob T., 2008yil

23. Ortiqov T., Romanova.S. «Muzıkanı oqıtıw metodikası». Joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları ushın oqıw qollanba) ., Nókis.: 2017. - 250 bet.

24.Sharapova «Musiqa uqitish metodikasi» Bolalar cholǵu asboblarida jur bo’lish Toshkent 2003 y. 22 bet

25.Qodirov.R.G. Musiqa psixologiyasi.(ma’ruzalar kursi): O’quv qollanma-T.: Musiqa, 2005. -80bet.

26.Qosnazarov.Q, Pazılov.A, Tilegenov.A. Pedagogika. Nókis. «Bilim» 2009-j. 256 b. -126 b.b.

27.Tashbaeva D Методика преподавание музыки и школьный репертуар T., 2007

**Elektron tálim resursları:**

28.http://www.charitynet.net

29.http://www.webnexus.com/users/icc/iccnchp.html

30. http://www.charitynet.net

31. http://www.developmentgateway.com

32. ZiyoNET.uz

## MAZMUNI


| | |
|---|---|
| Kirisiw | 3 |
| I-Bap.Muzıkanıń tarbiyalıq áhmiyeti hám zamanagoy bilimlendiriw sisteması 1.1.Muzıka tálimi mazmunı hám tarbiyası hám muzıka oqıtıwshısı waziypaları | 10 |
| 1.2.Pedagogikaliq texnologiya mazmuni hám muzika tálimi procesı | 24 |
| II-Bap. Muzıka sabaǵında nota sawatı hám onı úyretiw metodları 2.1. Muzıka sabaǵında ámeliy metodlardan paydalıw | 32 |
| 2.2.Muzıka sabaǵında oqıwshılardıń nota sawatlılıǵın asırıw barısı | 4 |
| 2.3. Muzıka mádeniyatı sabaǵı barısında nota sawatı iskerligi forması hám metodikası | 8 |
| 2.4.Muzıka sabaǵın úyretiw ulıwmalıq metodikalıq tártibi | 5 |
| Juwmaqlaw | 8 |
| Paydalanılǵan ádebiyatlar | 1 |

**Ájiniyaz atındağı NMPI, Pedagogika fakulteti Muzıka tálimi bakalavr tálim bağdarı IV-kurs pitkerıwshısı talabası Krashova Dilara Serikbay qızınıń «Ulıwma bilim beriw mekteplerinde muzıka mádeniyatı sabağında nota sawatı iskerligi metodikası» temasında jazğan bakalavr pitkerıw qániygelik jumısına ilimiy basshınıń juwmaqlawshı**

**PIKIRI**

Orta bilim beretúgın mekteplerınıń tiykarğı wazıypalarınıń biri, oqıwshılardıń pikirlew oy orısınıń keńeytıwden ibarat. Mıne usı processtı ámelge asırıwda óqıtıwshınıń awırın jeńil etıwshı, oqıwshılarğa tez hám aktiv kirıp barıwshı pedagogikalıq sheberligi qollap atırğan metodları ahmiyetli órındı iyelleydı. Ásirese baslawısh klass oqıwshılarınıń muzıka pánine qızığıwshılığın asırıw tálim – tárbiyanı jánede tezlestiredi hám sabaqtı nátiyjeli bolıwına alıp keledi. Bul barısta pitkeriwshiniń teması aktual máselelerden sanaladı. Sabaqtı nátiyjeli ámelge asırıw ushın texnikalıq processtıń jaqsı nátiyje berıwın aldınnan tereń rejelestırıw, maqsetten kelıp shığıp ámelge asırıladı.

Óıwshınıń bilim alıwında óqıtıwshı sabaqta erkin múmkinshılik jaratıp berıwi, óqıwın sholkemlestırıw joli menen til hám soylew, tálim nátiyjeliligine erisıw, rawajlandırıwshı tálim maqsetin juzege shığarıw, óqıtıwshılardıń jeke óqıp úyrenıwın támınlew múmkin. Óqıtıwshı ozinıń bilimi hám soylew mádeniyatın qalay ekenliğınen kelıp shığıp pánnıń hár turli tarawları boyınsha bilimın jánede asırıw ushın xızmet etetuğın tálim mazmunın izleydı, bilimlerdı ózlestırıw ushın sabaqlarda sawbet, debat, soraw-juwaplar hám de didaktikalıq oyınlar alıp barıwdıń ózi ushın qolay jolların tańlaydı.

Berilgen waziypalardıń ámelge asırılğanlıq dárejesi: Jumıs eki baptan ibirat bolıp birınshı bapı pedagogikalıq texnologiya mazmunı hám muzıka tálimi-tárbiyası, oqıwshılarınıń muzıkalıq tálim processı hám onıń tiykarğı máseleleri jarıtılğan. Jumıstıń ekinshı bápı mekteplerde muzıka sabağında nota sawatı hám onı úyretiw metodlarıkası, nota sawatı iskerligi forması hám muzıka sabağın úyretiwdiń ulıwmalıq metodikalıq tártibi haqqında pikirler ashıp berılgen.

Berilgen waziypalardı ámelge asırǵanlıq dárejesi: Bul jumıs barısında pitkeriwshi kóplegen ádebiyatlardı hám internet materialların kórip shıqqan, toplaǵan materialların juwmaqlastırǵan hám hár bir islep atırǵan jumıslardı ámelge asırıw basqıshında ilimiy teoriyalıq tárepten jazıwǵa xáreket etken. Talabanıń ádebiyatlardan paydalanıw hám materiallardı óz-betinshe bayan ete alıw hám izertlewshilik kónlikpeleri: Pitkeriwshi ilimiy jumıslardı islew barısında pedagogikalıq óz-betinshe ózlestiriwdi uyrenip alıp hám erkin pedagogikalıq jumıs islewge hám óz-betinshe pikirlep jumıs mazmun jaǵınan qızıqarlı, jaqsı, ilimiy tiykarlarǵa tiykarlanıp jazıwǵa kóplegen ilimiy jumıslar menen shuǵıllandı.

Pitkeriwshi Krasheva Dilara óz jumısı jaqsı jetiskenlikleri menen birge sezilersiz bolǵan texnikalıq qátelikler ushırasıwı múmkin, biraq bul kemshılik dúzetiwge boladı, jumıs sıpatın kemeytirmeydi.

Krashova Dilaranıń «Ulıwma bilim beriw mekteplerinde muzıka mádeniyatı sabaǵında nota sawatı iskerligi metodikası» temasındaǵı jazǵan jumısı juwmaǵı hám alınǵan nátiyjeler ámeliyatta, mekteplerde muzıka tálimi processında muzıka oqıtıwshıları ushın zárúr hám qollawǵa ılayıq.

Sonday-aq, pitkeriwshi óz ilimiy jumısı oqıw barısı dawamında Respublika ilimiy, ilimiy-ámeliy konferenciyalarda óz bayanatları menen shıǵıp tezis hám maqalaları baspadan shıqtı. Bul jumıstı keleshekte magistraturada dawam ettiriwge boladı.

Krashova Dilara Serikbay qızınıń «Ulıwma bilim beriw mekteplerinde muzıka mádeniyatı sabaǵında nota sawatı iskerligi metodikası» temasında jazǵan bakalavr pitkeriw qániygelik jumısı Mámleketlik Attestaciya komıssiyası bakalavr pitkeriw jumısı qaǵıydaları talaplarına juwap beredi, pitkeriwshi qániygesi boyınsha beriletuǵın kvalifikaciyasın alıwǵa hám qorǵaw ushın ılayıq.

**Ilimiy basshı:** **p.i.k. S.E.Romanova**

KADRLAR BO'LIMI
XODIMLAR BO'LIMI

NMPI
qol tańbasın tastıyıqlayman
K.B. ...